O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATINDAG’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

***B. Ibragimov, B. Avezov, T.Shamuratova***

# Ka`sip tan’lawga bag`darlaw

**(mektep oqi’wshi’lari’na arnalgan)**

**Metodikaliq qollanba**

**No’kis-2014 j.**

Du’ziwshiler: B.Ibragimov, B. Avezov, T. Shamuratova

Bul metodikaliq  qollanba “Ka’sip tan’lawg’a bag’darlaw” pa’nin oqы’tы’w bag’darlamasi’na tiykarlan ı’p du’zilgen. Onda ka’sipke bag’darlaw  tuwralı’ mag’lı’wmatlar menen bir qatarda 1 saatliq is jobasin tayarlaw texnologiyasi’ jaritilgan. Usı’ oqı’w qollanba “Ka’ip tan’lawg’a bag’darlaw” pa’nin u’yrenip atı’rg’an miynet ta’limi: 5112100 bakalavr bag’darı’ talabaları’na ha’m mektep oqı’wshı’ları’na  mo’lsherlengen.

**Juwapli redaktor:** NDPI Uliwma fizika kafedrasi docenti K. Turdanov

**Pikir bildiriwshiler:**.

1. B. Utepbergenov- TashMAU docent
2. A.Kamalov- NMPI Uliwma fizika kafedrası’  baslı’g’ı’, f-.i.d.

## So’z basıʹ

Ha’r qanday ja’miyettin’ keleshegi, ja’miyetlik, siyasiy, ekonomikaliq turaqlilig’i onin’ puqaralarinin’ intellektual, a’dep-ikramliq jaqtan joqari da’rejede rawajlaniwina, bazar qatnasiqlari sharayatinda dun`ya ja’miyetshiligine qosiliw, demokratik h’uqiqiy mamleket quriw kadrlar tayarlawdin’ milliy ma’selesi a’h’miyetli rol` oynaydi. Sonin’ ushin da Prezidentimiz I.A.Karimov, «jas a’wladtin’ h’a’r ta’repleme kamal tabiwin h’’a’m keleshegin jaratiw, shaxs ma’plerin a’melge asiriw jag’daylari h’a’m ta’sishen’ mexanizmlerin jaratiw ,eski oy-pikir h’a’m ja’miyetlik minez-quliq qaldiqlarin o’zgertiw respublikada a’melge asirilip atirg’an qayta quriwlardin’ tiykarg’i maqseti h’a’m h’a’reketlendiriwshi ku’shi»- dep aytqan edi.

Ma`mleketimizde «Bilimlendiriw haqqinda nizam» ha`m «Kadrlar tayarlawdin` milliy bag`darlamasi» waziypalarin is ju`zine asiriw ushin barliq tarawlarda belgilengen jobalar boyinsha jumislar alip barilip atir. Bul ma`mleketlik bag`darlamalar tiykarinda bilimlendiriw tarawinda da u`lken o`zgerisler ha`m jan`aliqlar a`melge asirilmaqta. Bilimlendiriwdi xaliq araliq standart da`rejesine alip shig`iw waziypasi qoyilip atir. Bunday waziypalardi iske asiriwda oqiw a`debiyatlarinin` mazmunin qayta ko`rip shig`iw olardi ma`mleketlik standartqa sa`ykeslendiriw isleri alip barilыўы зәрүр. Milliy qa`diriyatlardi qayta tiklewge ayriqsha kewil bo`lindi.

Sonin` ushin jaslardi ha`r ta`repleme jetik insanlar etip jetilistiriwde milliy ta`rbiyanin` quramli bo`leklerinin` biri bolg`an miynet ta`rbiyasinin` a`hmiyeti og`ada ulli. Miynet ta`rbiyasi uliwma bilim beriwshi orta mekteplerde ha`r tu`rli jollar menen a`melge asiriladi. Bunday islerdi alip bariw na`tiyjesinde jas o`spirimlerde elimizdin` abadan turmisi menen insan baxtinin` negizi miynet ekenliklerine isenimlerdi payda etedi. Balalarg`a bunday ta`rbiya arqali ha`r qanday miynet ko`nlikpelerin hasil etedi ha`m miynet adamlarina bolg`an su`yispenshiligin arttiradi.

Xalqimiz a`zel-a`zelden miynet su`ygish bolip, olar turmistin` qiynshilig`inda, la`zzetinde ten` ko`rip kiyatirg`an. Olar o`z perzentlerine baxitқa erisiw tek miynet arqali bolatug`inin u`yretiwge ha`reket etedi. Xaliq awzinda «En`bek etsen` emersen`», «Adam qoli gu`l», «Miynettin` ko`zin tapkan,Baxittin` o`zin tabadi» t.b. dep na`siyatlaydi.

Uliwma bilim beriwshi orta mekteplerde jaslarg`a miynet ta`rbiyasin beriwde klasstan tis alip barilatug`in ta`rbiyaliq jumislardin` jollari og`ada ko`p.

Olardan: miynet aldig`ilari menen ushirasiwlar o`tkeriw,ha`r tu`rli temalarda qiziqli kesheler o`tkeriw,ko`rgizbeler,seyiller,sayaxatlar,ha`r tu`rli do`gerekler,bayramlar,ja`miyetlik miynetlerdi barliq tu`rleri ha`m tag`i baskalardi atap aytsaq boladi.

Miynet aldin`g`ilari menen ushirasiwlar o`tkeriw, mekteptegi ta`rbiya isleri boyinsha jobasi boyinsha alip barilip og`an aldin ala puxta tayarlaniw kerek boladi.

En` da`slep o`tkerileyin dep atirg`an ushirasiwlardin` maqseti, waziypalari, aniqlaniwi tiyis ushirasiw o`tkerilwi waqtin, ornin aldin –ala biliwleri kerek. Ushirasiwda shig`ip so`ylewshiler, berilejaq bolg`an sorawlar aldin ala tayarlang`ani maqul boladi. Ushirasiw keshesinin` dawam etiw waqti, oqiwshilardin` jas o`zgesheliklerine, mu`mkinshiliklerine qaray belgilenedi.

Mektep oqiwshilarin miynetke ta`rbiyalawdin` ja`ne bir joli balalardi sayaxatqa alip bariw bolip esaplanadi. Sayaxatta oqiwshilar ta`biyat qubilislari, ta`biyat ko`rinisleri, insanlardin` miynet protsessleri,ka`sip -o`ner kolledjlerindegi

oqiw protsessleri, elimizdin` bayliqlari, kalalarimizdin` shirayli kelbeti tanistiriladi. Olar o`zleri ko`rgen na`rselerin baqlap baradi. Na`tiyjede o`zlerinshe belgili bir juwmaqqa ha`m sheshimge keledi.

A`lbette, mektep oqiwshilarinin` ta`jriybeliri ele kem, sonliqtan olardin` tu`snikleri duris bolsa, geybir tu`snikleri naduris boliwlari da mu`mkin. Sonliqtan sayaxatqa basshiliq etiwshi oqitiwshi jaqsi bayanlay biliwi kerek ha`m sayaxat tamam bolg`annan keyin balalar menen birge sayaxatqa juwmaq jasap, oqiwshilardin` sayaxattag`i o`zlestirgen bilimlerin, tu`sniklerin aniqlap ha`r tu`rli toliqtiriwlar menen juwmaqlag`ani maqul boladi.

Mektep oqiwshilarin klasstan tis isler arqali miynetke ta`rbiyalawdin` ja`ne bir a`hmiyetli tu`rlerinen biri olardi ja`miyetlik jumislarg`a tartiw bolip esaplanadi. Mektepte ja`miyetlik jumislardin` tu`rleri og`ada ko`p. Oqiwshilardin` biri klasskom bolsa, biri tazaliq komissiyasi baslig`i, birneshshe oqiwshi tazaliq komissiyassinin` ag`zasi, bir oqiwshi diywalli gazetalar redaktori bolsa, birneshe oqiwshi onin` ag`zasi boliwi mu`mkin. Birneshe oqiwshilar ha`r tu`rli sport sektsiyalarina qatnasadi. Basqa oqiwshilar bolsa ja`miyetlik jumislardin` basqa tu`rleri menen shug`illanadi. Ilaji bolg`ansha ha`r bir klassta ja`miyetlik jumis penen shug`illanbawshi bala bolmawi kerek. Klass basshilari ja`miyetlik jumislardi bo`listiriwde oqiwshilardin` uqipliqlarin, qizig`iwshiliqlarin, mu`mkinshiliklerin esapqa alsa boladi ha’m olar o`zinin` na`tiyjelerin beredi.

Oqiwshilardi miynetke ta`rbiyalawda ja`miyetlik paydali miynettin`de tutqan orni og`ada ulli. Olar to`mendegilerden ibarat:

- O`z-o`zine xizmet etiw (mektep do`geregin, klass jaylarin tazalaw h.t.b.)
- Mektep do`gereklerindegi, jer qiytaqlarindag`i awil xojaliq jumislarin (gu`ller,terekler, paliz eginlerin egiw h.t.b.)
- Ha`r qiyli miywe tu`rleri ( metall sinaqlarin jiynaw, qag`azlar jiynaw, da`rilik sho`pler jiynaw,esteliklerdi qorg`aw, oyinshiqlar sog`iw h.t.b.)

Ta`jriybeli pedagoglardin` pikirlewinshe oqiwshilar menen birgelikte klasstan tis alip barilatug`in jumislardin` tu`rleri, jollari, mazmuni ha`r qiyli bolg`anlig’I sebepli olardag`i uqipliliq, ko`nlikpeler de ha`r qiyli formalarda rawajlanip ha`m qa`liplesip baradi. Sonin` na`tiyjesinde miynet etiwge qizig`iwshiliqlari payda boladi.

Oqiwshilardi miynetke ta`rbiyalaw boyinsha alip barilatug`in klasstan tis islerdin` jaqsi na`tiyjeler beriwi, oqitiwshilarg`a baylanisli boladi. Ol miynet sabag`inda miynettin` a`hmiyeti, ha`r bir miynetti orinlaw usillari, jollari haqqinda da`l bag`darlar beriliwi tiyis. Sonin` menen birge bul istin` na`tiyjeliligin ha`r bir isti jumistin` son`inda duris juwmaq jasawg`a da baylanisli boladi.

Ta`rbiya tarawinda miynet ta`rbiyasi barliq ta`rbiyaliq islerdin` orninda turadi. Haqiyqatinda da miynetsiz hesh bir na`rsenin` do`retiliwi mu`mkin emes. Mektep oqiwshilari sanasina miynet ta`rbiyasinin` a`hmiyetin, mazmunin qanshelli duris jetkere alsa, sonshelli olar miynet su`ygish, miynet adamlarin hu`rmet etiwshi, miynetten qoriqpaytug`in barkamal insanlar bolip jetilisiwi so`zsiz dep ayiplamaydi.

**Ka`sipke bag`darlaw jumislarinin` basqishlari.**

Ha`r qanday ka`sipler ushin zaruriy bolg`an adamnin` o`zine ilayiq is ha`reketleri bar, olar miynet su'yiwshilik, barliq ka`sip ha`m qa`nigeliklerdegi miynetke bolg`an hu`rmet-izzet, miynet etiw za`ru`rligin tu`siniw o`z isin jetilistiriw, teksere biliw, jumis ornin duris sho`lkemlestire aliw, jumista sabirliliq sawatliliq berilgen tapsirmani orinlawdin` en` aqilg`a muwapiq usilin tan`lap ala biliw. Materiallar ha`mde jumis waqtin u`nemlep aliw siyaqlilardin` ha`mmesi balalarda mektep jasinan baslap qa`liplestirip bariwi tiyis. Balalardi kasipler du`n`yasina a'sten-a'sten jeteklep, olardi oqitiwshi sabaqlardi gu`zetiw,olar menen gu`rrin`lesiw, oqiwshi ha`reketin baqlaw waqtinda onin` bilgili bir o`zgesheliklerin jetiskenliklerin baqlap baradi. Bul pa'ziyletlerdi rawajlandiriw ushin tiyisli jumislardi iske asirg`anda g`ana keleshekte ka`sipti belgilewde tiykarg`i faktor boliwi mu`mkin.

Jas o`spirimnin` ka`siplik mu`mkinshilliklerin aniqlaw, son`inan og`an o`z mu`mkinshilliklerine qaray, ka`sipti duris tan`law oni tabisli tu`rde o`zlestiriw, miynette joqari na`tiyjelerge erisiw imkaniyatin beredi dep oylayman.

Ko`pshilik ilimpazlardin` o`tkizgen izertlewleri soni ko`rsetpekte mektep oqiwshilarinin` derlik 30% ten aslamirag`i tan`lang`an ka`sipke qizig`iwlari mektep jasinan-aq qa`lipleskenligin ko`rsetpekte. Oqitiwshinin` waziypasi oqiwshilardin` qizig`iwlarin mu`mkin bolg`aninsha aldiniraq aniqlawdan ha`mde ja`miyet talap ixtiyajlarina muwapiq sol oqiwshilardin` qizig`iwlarin rawajlandiriw, jas o`spirimdi ha`r ta`repleme kamal taptiriw ushin jayg`daylar jaratiwdan ibarat.

Jaslarimiz arasinda kasipke bag`darlaw jumisin alip bariwda oqitiwshilardan ayriqsha talapshan`liqti, izleniwshilikti itibarliliqti talap etedi.Oqitiwshilardin` tiykarg`i maxsetlerinen biri oqiwshilarda adam ushin miynet birinshi zaruriyat sotsialliq jaqtan kerek ekenligine, ha`r qanday kasipti iyelew ushin bekkem ha`m tiyanaqli bilimler kerekligine isenim payda etiw za`ru`r. Miynetke muxabbatti ha`m miynet islew tilegin tek miynet etiw arqali erisiw mu`mkinligine isendire biliw za`ru`r.

Sonin` menen birge sabaqlarda balalar adam miynetinin` xizmetinin` tiykarg`i tarawlari menen olardin` qizig`iwlari ha`m qa`biyletlerin rawajlandiriwg`a ja`rdemlesiwshi sanaat ha`m awil xojalig`i islep shig`ariwina ilayiq en` ko`p tarqalg`an tapsirmalar menen tanistiriladi.

Oqitiwshi da`slepki du`zgen ka`sipke bag`darlaw jobasina muwapiq tu`rde sabaq joba – konspektasin jaza otirip ka`sipke bag`darlaw sabag`i aldina maqset qoya otirip ka`sipke bag`darlawg`a ilayiq bolg`an barliq mag`liwmatlardi konspet jobasina kirgizedi bul belgili bir ka`sip, a`sbap islep shig`ariw texnologiyasi apiwayi miynet tayarlawlarin u`yretetug`in ka`sip tuwrasinda bekkem ha`reketlerdi ta`rbiyalawdan oqiwshilarda da`slepki belgilengen joba tiykarinda u`yreniwden ibarat boliwi kerek. U`yrenip atirg`an materiallardin` adam turmisindag`i a`hmiyetin bilip aladi. Ol yamasa bul texnologik operatsiyalardi orinlaw ushin belgilengen en` a`piwayi a`saplardan paydalaniw jollari menen tanisadi tiysli ka`sipler tuwrasinda mag`liwmatlar aladi.

Oqiwshilar qurilis konstruktorlari menen qurilis ka`sipleri olardin` za`ru`rligi a`hmiyetleri tuwrasinda olar menen baylanisli bolg`an adamlar miynetlerinin` mazmuni haqqinda tu`snikler aladi. Qurilis ob`ektlerin modellestiriwdi u`yrenedi bul jumislar balalarg`a texnik do`retiwshilik qa`biyletlerin rawajlandiriwg`a ja`rdem beredi. Olarg`a quriwshi miynetine hu`rmet penen qaraw tuyg`isinda ta`rbiyalaydi.

Texnikaliq konstruktori menen islew waqtinda orinlanatug`in tapsirmalar oqitiwshilarg`a mashina sazliq tiykarlari menen tanistiradi. Balalar mashinasazliqqa ilayiq ken` tarqalg`an ha`m za`ru`riy ka`sipler bul ka`siplerdin` miynet mazmuni menen tanisadi. O`simliklerdi o`siriw bo`liminde balalardi awil xojaliq tiykarlar menen tanistiriwdi ko`zde tutadi. Olar mekteptin` ta`jriybe maydanlarinda islep jerdi awdaradi, topiraqti jumsartadi o`simliklerdi jabayi sho`plerden tazalaydi, o`siwin gu`zetedi adamlar miynetin qa`dirlewi, jerdi qa`dirlewdi u`yrenedi.

Joqari klasslarda oqiwshilar ka`sipler menen professiogrammalar ja`rdeminde tanisadi. Oqiwshilar menen gu`rrin`lesiwler o`tkiziw. Ka`sip iyeleri menen ushirasiw diofil`mler, kinofil`mler ko`riw , sayaxatqa shig`iw na`zerde tutiladi. Bul tarawda alip barilatug`in barliq jumis formalarinan gu`rrin`lesiw en` ko`p paydalaniladi. Gu`rrin`lesiw balalardin` jedel qatnasiwinda o`ttiwi u`lken a`hmiyetke iye. Sol maqsette oqitiwshi ka`sipler tuwrasinda ayriqsha ata-analari, ag`a apalari yamasa tanis bilisleri arnawli ka`sipte islep atirg`anlardin` balalari sol klassta bolsa, ha`r qiyli ka`sipler tuwrasinda mag`liwmatlar toplaw maqsetinde oqiwshilarg`a tapsirmalar beriw mu`mkin. Gu`rrin`lesiwler so`ylep beriw, foto su`wretlerdi tu`siriw, oqiwdin` texnik qurallarina paydalaniw menen toliqtiriliwi mu`mkin. Esaplaw texnikasi mu`mkinshilligine paydalaniw ayriqsha a`hmiyetke yie.

Sabaqtin` a`meliy bo`legi har qiyli ka`siptegi adamlardin` miyneti penen baylanistirilsa ju`da` jaqsi boladi.

Oqiwshilardi bag`darlamada ko`zde tutilg`an ka`sipler menen tanistiriwdan basqa jasap atirg`an ortaliqtin` za`ru`riyatinan kelip shig`ip ka`sipler menen tanistiriw olarda sol ka`siplerge bolg`an hu`rmet izzeti ta`rbiyalaw, sol ka`siplerdin` unamli jaqlarin ko`rsetip beriw lazim.

Ka`sipke bag`darlaw jumisina kompleks jaqinlasiw oqiwshilardi ha`r ta`repleme u`yreniw na`zerde tutadi. Bul ha`reketler oqiwshilardin` jeke o`zgesheliklerin aniqlawg`a olar bug`an sol islesiwdin` duris formalari ha`m metodlarin izlestirip tabisiwg`a ja`rdem beredi. Gu`zetiw oqiwshilardi u`yreniwdin` ken` qollanilatug`in metodi. Metod belgili bir maqsetti go`zleydi jumis joba tiykarinda alip bariladi. Gu`zetiwdin` juwmaqlawshi na`tiyjeleri payda boladi. Miynet ta`limi sabaqlari gu`zettiw o`tkiziw ushin ken` mu`mkinshillikler jaratip beredi.

Diognostik gu`rrin`lesiwlerde o`tkizip bular jeke tartipte yamasa jamaat ta`rtibinde o`tkiziliwi mu`mkin. Miynettin` ha`r tu`rli ob`ektlerin tayarlaw waqtinda ha`r bir balani jeke o`zgeshelikleri belgili boladi. Bir neshshe bala tapsirilg`an jumisti jaqsi aytqanday etip orinlaydi bir qanshasi onsha jaqsi orinlamaydi ekinshi birewleri basqa jumista o`zin jaqsi ko`rsetedi ha`m kerisinshe.

Oqiwshilardin` hu`jjetlerin ha`m a`meliy jumis ha`reketlerin taliqlap bariw balanin` paziyletlerin u`yreniwde oqitiwshig`a jaqsi ja`rdem beredi.

Oqiwshilardin` jeke qa`siyetlerin u`yreniw olardi ta`rbiyalaw menen tig`iz baylanisli. Oqitiwshi oqiwshinin` jeke qa`siyetlerin bilip, olardi jeke jaqsi qa`siyetlerin rawajlandiriw onin` minez qulqindag`i unamsiz ta`replerin salistiriw jollarin izlestiredi.

Ayrim balalarda ka`sipke iykemlilik bir qansha jaqsi bolip, al bir qanshalarinda olar birden bayqalmaydi. Oqitiwshinin` baladag`i iskerlik nishanlarin aniqlaw bulardi oqiwshinin` o`zine ha`m onin` ata- anasina aytip beriwi, balanin` qa`biyletin rawajlandiriw ha`m qa`liplestiriwdi ja`rdemlesiwshi faktor boladi.

Joqarida ko`rsetilip o`tlgendey ka`sipke bag`darlaw jumisi oqiw protsessinin` bir bo`legi bolip, bul jumis ja`miyet ushin za`ru`r. Ha`r bir insannin` o`zgesheliklerine ilayiq ka`siplerge qizig`iwin ta`rbiyalawg`a ja`rdem berdi. Klasstan ha`m mektepten tisqari jumislar oqiwshilardi ka`sipke an`li tu`rde tan`lawg`a olardin` do`retiwshilik qa`biyletin rawajlandiriwg`a materialliq islep shig`ariw pa`n texnika tarawina ha`m sol siyaqli tarawlarg`a jumis islewge qizig`iwin qa`liplestiriwge ko`p ta`repleme ja`rdem beredi. Klasstan tis sabsqlarda alip barilip atirg`an ka`sipke bag`darlaw isinde oqiwshilardin` jasi ha`m biliw o`zgesheliklerine qarap bir neshshe basqishti ko`rsetip o`tiw mu`mkin.

***Birinshi basqish:***

Oqiwshilarda uliwma miynetke unamli qatnasta boliwda, en` tiykarg`isi fizikaliq miynetke sonday qatnasta boliwi jumisshi degen atti hu`rmettlewi qolinan keletug`in o`z miyneti menen do`geregindegi ka`siplerge quwanish bag`ishlawg`a ha`m bunnan rawajlaniwg`a umtiliwi qa`liplesedi. Bul ta`rtiptegi jumislar aldin ala du`zilgen joba tiykarinda alip bariladi. Bul jobag`a muwapiq sayaxat sho`lkemlestiriw en` massaliq ka`sipler tuwrasinda awilliq mekteplerdin` oqiwshilari ushin ja`ma`a`t xojaliqlarinda qala mekteplerinin` oqiwshilari ushin ka`rxanalarda, ata-analardin` jumislari ha`m olardin` miynette erisken tabislari tuwrasinda gu`rrin`lesiwleri sho`lkemlestiriw na`zerde tutiladi. Bul tuwrasindag`i jumislar du`zilgen oqiw islep shig`ariw kombinatina awilliq o`ner-texnika bilim ornina, ka`rxanalarg`a jamaat –xojalig`ina yamasa on`law ustaxanasina h.t.b. orinlarg`a ekuskurtsiya sho`lkemlestiriw mu`mkin. Bul ekskurtsiyalar waqtinda islep shig`ariwg`a qatnasip atirg`an adamlardin` miynetine miynet qurallarina itibar beriledi.Ja`miyet ha`m ayrim adamlar turmisinda miynettin` a`hmiyeti tu`sindirilip o`tiledi.

***Ekinshi basqish:***

Bul basqishta ta`lim-ta`rbiya protsessinde oqiwshilarda biliwge bolg`an qizig`iw a`dette ka`sipke bolg`an qizig`iwdan aldin qa`liplesedi. Sonliqtan bul basqishta ka`sipke bag`darlaw tarawinda alip barilip atirg`an jumista, jumistin` tu`rlerin (texnika menen jumis islew, miynet ob`ektleri ha`m sol siyaklilar menen islew). Biliwge bolg`an qizig`iwdi oyatiw u`lken a`hmiyetke iye. Ka`sipke bag`darlawdin` usi basqishinda texnika ha`m miynetke sa`ykes klasstan tisqari sabaqlar viktorinalar u`lken rol oynaydi.

Bul basqishlarda oqiwshilarda sotsialliq maqsetlerdin` qa`liplesiwleri dawam etedi. Sonin` menen birge ka`sipke bag`darlaw iske asadi.

***U`shinshi basqish:***

Klasslardin` oqiwshilari menen bul basqishta oqiwshilar o`z ku`shlerin miynette tekserip ko`redi, oqiwshilarda ka`sipke bolg`an qizig`iwlari ha`m iykemlilik o`zgeshelikleri ja`nede qa`liplesedi. Oqiwshilar bul basqishta o`z ka`siplilik niyetlerinin` bir qansha uliwma ka`sipler boyinsha a`meliy ka`sipke ha`m uqipliliqlar menen bekkemleydi. Bul basqish aniq bir ka`sipti tan`law oni o`zlestiriw jollarin belgilew menen tamamlanadi. Oqiwshilardin` tu`rli qizig`iwlari (predmetler, pa`n texnika, islep shig`ariw texnika h.t.b.) boyinsha do`gereklerde islewi usi basqishta diqqatqa alinadi.

## Ka`sipke bag`darlaw jumislarin sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri.

Oqiwshilardi miynetke u`yretiw protsessinde oqitiwdin` ha`r tu`rli metodlarinan paydalaniladi. Oqitiwdin` metodlarin tan`law en` da`slep, oqiw materialinin` ha`m oqiw u`aziypalarinin` xarakterine baylanisli boladi.

Oqiw materialinin` xarakterine qaray miynet boyinsha alip barilatug`in jumislar a`meliy islewge baylanisli bolg`anliqtan basqa oqiw predmetlerinen parq etedi. Bul o`z betinshe oqitiw metodlarinan paydalaniwg`a bir qansha o`zine ta`n bolg`an ayirmashiliqlardi keltirip shig`aradi.

Usinday metodlardan gu`rrin` tu`sindiriw ha`m soraw – juwap metodlari qollaniladi.

Usi ati atalg`an metodlardan paydalanilar eken a`meliy jumislarda materialdi bayanlawg`a oqiw waqtinin` 20 % bo`legi ajiratiladi.

Gu`rrin` (so`ylep beriw) tiykarinan ken` qollaniladi.

Mis: Oqiwshilarg`a ustaxana jumislarindag`i oqiw wazypalari, qag`iydalari, xaliq xojalig`inin` belgili tarawindag`i jetiskenliklerin bayanlawg`a gu`rrin`nen paydalaniladi.

A`dette ka`sipke bag`darlawdi oqitiw jag`daylarinda oqiw demonstratsiyalawi menen iske asatug`in tu`sindiriw tez-tez qollaniladi. Instrumentler mashinalar konstruktsiyalaw ha`m texnologiyani islep shig`ariw qag`iydalarin tu`sindiriwge tuwra keledi.

Gu`rrin` ha`m tu`sindiriwge bir qatar talaplar qoyiladi.

1. Mazmunnin` durislilig`i oqiwshilarg`a aytilatug`in faktler oqiw programmasinin` mazmunina sa`ykes keliwi ha`m de iilimiy tiykarlang`an boliwi kerek.
2. Materialldin` o`zin an`lag`an izbe-izlikte bayanlaw. Texnika ob`ektler yaki texnologiyaliq protsessler haqqinda mag`liwmatlardi tu`sindiriwde materialldi analetik jetkeriwge ha`reket etiw, bunda oqiwshilardi ob`ekt yamasa jumis protsessi menen tanistiriw, son` oni bo`limlerge bo`lip u`yreniw kerek.
3. Aniqliliq ha`m iqshamliliq – miynet oqiwinin` mazmuni a`dette oqiwshilar tanisatug`in teoriyaliq qag`iydalardi ha`m miynet usillarin orinlaw qag`iydalarin qisqa aniq isenimli tiykarlaw imkaniyatin beriw.
4. Okitiwshinin` so`z ma`deniyati, onin` oqiwshilar tu`sine alatug`in boliwi Oqitiwshinin` material boyinsha ha`r bir so`ylegen so`zi o`qiwshilarg`a a`piwayi tu`snikte boliwi ha`m de so`ylew protsessinde izbe-izlikten paydalaniw kerek.

Ka`sipke bag`darlaw sabaqlarinda oqitiwdin` soraw-juwap metodinan ken` paydalaniladi. Oqitiwshi oqiwshilardin` bilimlerine su`yenip jan`a materialdi o`tiwde u`yrengenlerin bekkemlew ha`m tekseriwde ha`m u`yrengen materialdi juwmaqlastiriwda oqitiwshi soraw-juwaptan ken` paydalaniw mu`mkin.

Mis: Adam turmisinda qag`az ha`m gezleme, listli metall ha`m sim siyaqli temalarg`a sa`ykes jan`a materialdi u`yreniwde ha`m oqiw materiallarin juwmaqlastiriwda soraw – juwap o`tkeriw mu`mkin. Oqitiwshi soraw juwapqa tayarlanadi, ol oqiwshilarg`a tu`snikli jumistin` xarakterin aship beretug`in sorawlar tayarlawda ha`m de ol sorawlardi maqsetke muwapiq duris jaylastirida. Berilgen sorawlar aniq iqshamli boliwi –oqiwshilar temag`a sa`ykes juwap beriwleri kerek.

Oqitiwshi olardin` juwaplarindag`i qa`telerdi du`zetedi kemis jerlerin toltiradi ha`m olardi juwmaqlastiradi.

Praktikaliq jumislar waqtinda bir zatti sog`iw ushin tek sol materialdin` fizikaliq qa`siyetin biliw jetkiliksiz, bunda islenetug`in materialdin` du`zlisi haqqinda konkret tusniklerge iye boliwi kerek.

Solay etip praktikaliq jumisti baslaw ushin a`piwayi ko`lemdegi uliwma bilim ha`m texnikaliq bilimlerge iye boliwi za`ru`r. Biraqta bul sha`rttin` o`zide jeterli dep aytiwg`a bolmaydi. Sog`an qaray oqiwshilarg`a o`z bilimlerin paraktikaliq jumislarda qollana biliwge u`yreniwge ja`rdem beretug`in bir qansha metodikaliq usillardi qarap shig`ayiq.

Solay etip oqitiwshi problemaliq situatsiyani payda ete otirip, oqiwshilardi gipoteza du`zip usinilg`an usinis jo`ninde o`z betinshe tiykarlang`an juwmaq shig`ariwg`a iytermeleydi. Bunda oqitiwshi tu`sindiriw soraw-juwap zatlardi demonstratsiyalaw ta`jriybelerdi baqlawlardan paydalanadi. Bular oqiwshilardi ilimiy izleniwge oylawg`a eksperiment qoyiwg`a ma`jbu`rleydi. Solay etip oqiw materialin problemaliq bayanlaw oqiw protsessin ilimiy izleniwge jaqinlastiradi.

Uliwma aytqanda, oqitiwshilardin` jumis ta`jriybesi soni ko`rsetedi oqiwshilardi ka`sip tan`lawg`a bag`darlawdin` forma metodlarin belgilep beredi, olardin` tiykarg`ilari to`mendegilerden ibarat boladi.

**1.Sabaqlarda ka`sipke tan`lawg`a bag`darlaw**, ma`seleni oqitiwshi oqiwshilardi olar ustaxanalardag`i shinig`iwlardi orinlanatug`in jumis penen baylanisli ka`sipler menen tanistiradi. Oqiwshilar ag`ashqa islew beriwdi u`yrengenlerinde ustaxanaliq, ag`ash faner qaplawshi, ag`ash kesiwshi, ka`sipleri haqqinda bilip aladi. Bunnan tisqari oqiwshi ka`rxanalarda ag`ash qolda islew beriw menen baylanisli qa`nigelikler haqqinda da tu`sindirip beredi.

Oqiwshilarg`a applikatsiyalar islew ustaxanalardag`i shinig`iwlarda metallg`a islew beriwdi u`yretiwde olar bir qatar temirshilik ka`sipler menen tanisadi. Bunnan tisqari ayirim, temalardi u`yreniw da`wirinde o`spirimlerdin` metallg`a islew beriw ka`rxanalari jumisshi ka`sipleri, ha`m basqada ka`sipler tuwrasindag`i tu`sniklerin ken`eytiwi mu`mkin boladi.

**2. Sayaaxat arqali ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw.**

A`dettet sayaxatta ta`biyatta ko`rgenleri haqqinda oqiwshilardi oqiw bag`darlamasina say metall menen tanistiriwg`a qolayli shart sharayatlar ju`zege keledi. Bul imkaniyatdan oqiwshilardi ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw ushin paydalaniw mu`mkin, ma`selen, oqiwshilar metallg`a ha`m ag`ashqa islew beretug`in mexanika ustaxanalarina barg`anda u`skenelerdin` ko`p tu`rlerin ha`m tiplerin ko`redi. Sonin` ushin oqitiwshig`a sol u`skenelerde islewshi jumisshi ka`sipleri haqqinda ken`irek mazmunli etip so`ylep beriw talap etiledi. Eger jumisshilardin` o`zleri o`z jumislarinda tayarlaytug`in buyimlari haqqinda aytip berse, oqiwshilar bul ka`sipler tuwrasinda ko`birek tu`snikke iye boladi.

Do`gerek shinig`iwlarinda ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw. Do`gerek shinig`iwlarinda oqiwshilardi ha`r tu`rli ka`sipler menen tanistiriwg`a ko`birek imkaniyatlar ju`zege keledi. Eger oqitiwshi oqiwshinin` jumis ka`siplerinin` birewine, karton yamasa ag`ashqa, qag`azg`a islew beriwdi sezse ol oqiwshi menen jumis alip barip, onin` bilim ha`m ko`nlikpelerin teren`irek u`yretiw za`ru`r boladi. Do`gerektegi shinig`iwlarda oqiwshilarg`a joqari klasslardag`i miynet ta`liminin` bag`darlawinda ka`sip tan`lawg`a ja`rdem beredi dep oylayman.

**3. Islep shig`ariw novatori ha`m mektepti** pitkergennen son` materialliq islep shig`ariw tarawlarinda islep atirg`anlar menen ushirasiwlar o`tkeriw o`zinin` na`tiyjesin beredi. A`dette mektepti pitkergennen keyin sanaat ka`rxanalarinda islep atirg`an adamlardin` shig`iwlari oqiwshilardin` u`lken ta`sir qaldiradi.

Miynet ta`limi protsessinde oqiwshilar tanisatug`in ka`sipler og`ada ko`p sonin` ushin oqitiwshi oqiwshilarg`a o`z ka`sibi haqqinda tu`snik beretug`in islep shig`ariw novatorlarin tabiwda qiynalmawi kerek. Islep shig`ariw tapsirmalarin orinlawda pa`n tiykarina sa`ykes bilimlerden paydalaniw tuwrasinda islep shig`ariw alding`ilarinin` aytqan so`zleri qimbatli bolip tabiladi. Uliwma ta`lim bilimlerine iye bolmastan ha`zirgi zaman islep shig`ariwdin` alding`i jumisshi boliw mu`mkin emesligin okiwshilar tu`sinip aladi.

Islep shig`ariw novatorlari menen ushirasiwlar ko`binese qiziqli soraw-juwaplar menen o`tedi. Balalar miymanlarg`a arnap sawg`alar tayarlaydi, jaqsi oqiymiz dep minnetlemeler aladi. Bunday ushirasiwlar u`lken ta`rbiyaliq a`hmiyetke iye bolip tabiladi.

**4. Ha`r qiyli ma`deniy ko`rik tan`lawlar o`tkiziw.**

Ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw jumisinin` sapali alip bariliwina ja`rdem beriwshi ha`r qiyli ma`deniy ko`rik tan`lawlar mekteplerdin` jumis ta`jriybesinen ma`lim boladi. Ma`selen; «Ka`sip haqqinda kim ko`birek biledi» temasina bag`ishlap konkurslar o`tkeriw, «Ka`sipler du`n`yasinda» atli plakatlar tayarlaw «Ka`sip tan`lawda jeke ha`m ja`ma`a`t pikiri» temasi boyinsha pikir alisiwlar o`tkeriw, tiyisli a`debiyatlar ko`rgizbesin sho`lkemlestiriw ha`m kinofil`mlerdi ko`rsetiw h.t.b. kiredi. Arnawli ko`rik tan`lawlardin` barlig`i arnawli ustaxanalarda a`melge asirilsa o`zinin` na`tiyjesin beredi.

**5. Ka`siplerdi teren` u`yreniw.**

Oqitiwshi tiyisli ka`sipler tuwrasinda tu`sinik beriw ushin bir waqitta barliq okiwshilar menen jumis alip bariwdan tisqari, ol bul ka`sipti jaqsilap tanisiw tilegi bolg`an oqiwshilar menen tig`iziraq jumis alip baradi. Oqiwshilardin` qizig`iwina qarap gruppalarg`a yaki klublarg`a birlestiriledi. Bunda jumistin` ha`r tu`rli sho`lkemlestiriw formalari qollaniladi. Oqiwshilar o`z ku`shi menen muzey jaratadi, jazba jumislar jazadi, sayaxatlar o`tkeriledi. Bulardin` barlig`i oqitiwshig`a tiyisli ka`sip insang`a qanday talaplar qoyiliwin ken`irek tu`sindirip beriwge, oqiwshilardin` ka`sip tan`law tiykarlarin mazmunli tu`sinip aliwina imkaniyat jaratadi. Eger oqitiwshi oqiwshilarda kerekli ka`sipke u`lken qizig`iw oyansa ha`m oqiwshinin` den sawlig`i sol ka`sip talaplarina juwap beriwin bayqasa, ol tiyisli jumis alip barip, o`spirimnin` qa`lewinshe ja`rdem bere baslaydi.

Aniq du`ziwden ibarat bolip, ol didaktika printsiplerine toliq sa`ykes keletug`in boliwi kerek. Oqiw protsessin sho`lkemlestiriw arqali okitiwshi ha`m oqiwshilardin` ustaxanadag`i shinig`iwlarda miynet ta`liminin` waziypalari ha`m maxsetlerine oqiwshilar menen islewge qoyilatug`in basqa talaplarg`a muwapiq barliq jumislardi aldinan ko`riw mu`mkin.

Solay etip ka`sipke bag`darlaw jumislarin planlastiriw ha`r bir oqitiwshinin` ta`lim plani ha`m bag`darlamanin` orinlaniwi, miynet boyinsha oqiw materialinin` mazmunina toliq juwap beretug`in ta`lim – ob`ektlerinin` belgilengen mu`ddette orinlawlari ha`m o`z waqtinda buyirtpashilarg`a tapsiriwlari, ilimiy texnik bilimlerinin`, miynet ko`nlikpeleri ha`m bilimlerinin` joqari da`rejede boliw bolip tabiladi. Oqiw protsessin planlastiriwda oqitiwshi to`mendegi tiykarg`i didaktikaliq waziypalardi sheshedi:

1. Oqiw protsessin materialliq jaqtan o`z waqtinda ta`miynlew imkaniyati jaratiladi. Ustaxanalardi tu`rli materiallar ha`m a`sbaplar menen ta`miynlew mu`ddetleri aldinan ma`mlim boladi.

2. Miynet shinig`iwlarinin` mazmuni menen basqa oqiw predmetlerinin` mazmuni arasindag`i baylanis jaratiladi. Oqitiwshi oqiw materialin ayriqsha

sabaqlarg`a bo`listirip, miynet boyinsha arnawli temani u`yreniwge shekem oqiwshilar fizika, ximiya, matematika ha`m basqa predmet sabaqlarinda qanday bilimler alg`anliqlarin aniqlaydi: Sonnan kelip shig`ip miynet ta`limi menen pa`nlerdin` tiykarlarin u`yreniw arasinda didaktik baylanislardi ta`miynlew mu`mkin.

3. Ag`ashqa islew beriw ha`m metalg`a islew beriw ustaxanalarinin` o`z-ara jumis alip bariwina erisiledi. Ustaxanalardag`i shinig`iwlar protsessinde tiykarinan modellestiriwde ag`ash ha`m metall detallardan ibarat kompleks buyimlar jasaliwi mu`mkin. Bunday jag`daylarda oqiwshilardin` islewi waqit boyinsha retlestiriw ju`da` kerekli bolip, bug`an tek planlastiriwda erisiledi.

4. Sherek, yarim jilliq ha`m jilliq juwmaqlarin shig`ariwda oqitiwshi ushin oqiw planinin` orinlaniwin tekseriw an`sat. Bunin` ushin planlastirilg`an jumis penen a`melde orinlang`an jumisti ta`riplew jeterli boladi.

**5.** Oqiw bo`limi ha`m xaliq bilimlendiriw bo`limleri ta`repinen ta`lim protsessin qadag`alap bariw jen`illesedi.

Ka`sipke bag`darlaw jumislarin planlastiriw waqtinda to`mendegi hu`jjetler du`zip shig`iladi.

1. Ka`sipke bag`darlaw yarim jilg`a, reformag`a mo`lsherlengen kalendar temalar plani.
2. Ha`r qiyli ka`sipler tu`ri boyinsha yarim jilg`a yamasa bir jilg`a mo`lsherlep du`zilgen oqiw islep shig`ariw jumislarinin` dizimi:
3. Ta`biyg`iy ilimiy tsikldag`i pa`nlerdin` uliwmalasqan tema plani. Onda pa`ler araliq o`z-ara baylanislar boliwi lazim.
4. Aniq temag`a tiykarlanip tikkeley ko`nspektag`a iye bolg`an sabaq plani.

Ka`sipke bag`darlaw tusinigi ha’m oni a’melge asiriwg’a qoyilatug’in talaplar.

Mustaqillik sebepli ja’miyetimizde insanlardin’ oy-pikiri ha’m turmisqa munasibeti o’zgermekte. o`tmish qaldiqlarinan waz keshken ja’miyet ag’zalari turmista o’z ornin jan’asha sezbekte, o’z kushine isenimi artip barmaqta. Adamlar sana-seziminde demokratiyaliq qa’diriyatlar bekkemlenbekte. Bul jillar dawaminda biz erisken jen’is-bul jaslardin’, xaliqtin’ iskerligi, ma’mleketimizdin’ keleshegine bolg’an isenim bolip esaplanadi.

Insan ne menen maqtansa ha’m ol ne menen qa’dirlense ha’mmesi miyneti menen juzege keledi. Sonday-aq miynet bayliqtin’ jemisi o’mirinin’ mazmuni, turmistan ornindi belgilep beretug’in sebep ha’m sanaladi. Miynet materiyalliq ha’m sana-seziminin’ sonday-aq ishki rawajlaniwimizdin’ negizi esaplanadi.

Jeke adamdi kamal taptiriwda ka’sip ta’rbiyasin jaslar miyine sindiriw,olardin’ miynet do’retiwshiligin bugingi kun menen baylanistirip alip bariw kerek. Bul o’z na’wbetinde ha’r ta’repleme rawjlang’an adamdi ta’rbiyalawg’a alip keledi.

Miynet ta’rbiyasi haqqinda so’z etkende, aldin onin’ waziypalarin belgilep aliw, miynet ta’rbiyasi, jeke a’wladti ka’sipke bag’darlawshi a’rmanlardi payda etedi. Bunin’ ushin jaslardi miynetke hurmetli, ja’miyetke xizmet etiwdi uyretiw kerek. Bugingi kunde oqiw-ta’rbiya jumisin xaliq pedagogikasinin’ alg’ir pikirlerine suyengen jag’dayda milliy qa’diriyatlar ha’m urip a’detlerdi qollang’an halda jaslardi ka’sipke orta bilim mektepleri aldinda turg’an waziypalardan biri.

Kadrlar tayarlawdin’ da’sturi ha’m basqa hujjetlerdi oqiwshilardi ka’sip iyelewde, miynetke qay da’rejede tayarlawina ayriqsha itibar berilmekte. Miynet

jas a'wlad ushin ha'm za'rur, ha'm waziypa boliwi, bunin' ushin uyde de, oqiwda da, oyinda da, bul da'stur ulken rol` oynaydi.

Jas a'wlad kishkene jasinan baslap qol miyneti, aqliy miynetti ha'm fizikaliq miynetke qatnasadi. Oqiwshi oqiw da'wirinde miynet penen tabilg'an bayliqlar menen tanisadi ha'm miynetti sho'lkemlestiriwdin' birinshi sabag'in oqiw da'wirinde aladi.

Oqiwshilarda ka'sip tan'law juwapkershilikli is, o'z keleshegin o'zi belgilep bariw da qiyin ma'sele. Bunin' ushin mekteplerdegi politexnika sistemasinda do'gereklerinde balalar politexnikaliq tusinik bilimlerin ken'eytirip, ka'sip-tan'lawg'a tayarlanadi. Mektepte joqari klass oqiwshilari ushin «islep –shig'ariw tiykari ka'sip tan'law kursi o'tiledi. Ka'sipke bag'darlaw uliwma oqiw-ta'rbiya barisinda a'melge asiriliwi kerek, oqiwshilardi ka'sipke bag'darlang'anda ata-analar da juwapker.

Ka'sipke qizig'iwshiliqti payda etiw, oqitiwshinin' pedagogik iskerligine baylanisli. Ka'sip haqqinda so'z bolg'anda aldin onin' waziypalarin belgilep aliw kerek. Ka'sip ta'rbiyanin' en' basli sha'rti miynettin' na'tiyjesinen zawiq aliw sezimlerin payda etiwden ibarat. Bunin' ushin aldi menen miynetkeshlerge hurmetti, ja'miyetke payda keltiriwshi isker ha'm miynetke aqili menen kirisetug'in jeke adamdi jetistiriw kerek.

Birden-bir ta'lim-ta'rbiya waqtinda miynet ta'rbiyasi joqarida ko'rsetilgen oqiwshilarg'a ta'sir etkende g'ana. Orinlag'an isimiz kewilli boliwi menen birge belgili bir ka'sipti tan'lawg'a da imkan beredi.

Bunda a'sirese jaslarg'a ka'sip ha'm mag'liwmatlar ma'sla'ha'tler beriw. Olardin' ka'sipke iqlasin aniqlawda ulken ta'rbiyaliq a'hmiyetke iye.

Birden-bir pedagogik ta'rbiyada oqiwshilardi ha'm ka'sipke tayarlawda ruwxin ha'm an'in ta'rbiyalap bariw za'rur printsplerden bolip esaplanadi.

En' za'ruri miynet waqtinda miynet ma'deniyati ko'nlikpelerin payda etiw jetiskenlikti asiriwdin' girewi ekenligin diqqat orayimizda saqlawimiz kerek.

Uliwma bilim ha'm ka'sip -o'ner mektebi jas a'wladti g'a'rezsiz ma'mleketimizdin' rawajlaniwina aqil menen, birden-bir miynettin' izbe-izligine, oqiwshilarda paydali miynetke muhabbat ha'm a'depti ta'rbiyalawg'a, olardin' bilim da'rejesin' ken'eytiriwge qaratilg'an.

Mektep reformasin a'melge asiriw ta'limi o'nimli miynet penen qosiw tiykarinda mektep oqiwshilarinin' miynet ta'rbiyasin ha'm olardi ka'sipke bag'darlawdi tupten jaqsilaw, jaslardin' uliwma orta bilimin, uliwma ka'sip bilimi menen toltiriw imkaniyatin beredi. Ka'sipke bag'darlaw jaslardi erkin ha'm mustaqil ka'sip tan'lawg'a, ilimiy a'meliy tayarlaw dizimi bolip tabiladi. Ol ha'r bir shaxstin' o'zine ilayiq qa'siyetlerinde, ma'mleket paydasi jolinda miynet resurslarin toliq ta'miyinlew za'rurliginde esapqa alinadi. Ka'sipke bag'darlaw ta'jriybesi jaslar siyasiy jetiskenliginin' bir qansha joqari da'rejesinin' ta'miyinleniwi, onda uliwma is jolinda joqari miynet qiliw qa'bileti ha'm umtiliwi ta'rbiyalawdi talap etedi. Oqiwshilardi ka'sip tanlawg'a tayarlaw waqtinda olardi bilimler menen siyasiy munasibetlerinin' iskerligine qosilip ketiwine umtildiriw menen qurallandiriw za'rur. Bul o'z na'wbetinde uliwma ta'lim mektebinen rawajlandiriw ha'm islep shig'ariw ta'jriybesi ta'riyiplerin o'zinde bekkemlengen ka'sipke bag'darlaw turlerin izlep tabiwdi talap etedi.

Ka'sipke bag'darlawdin' maqseti -jas a'wladti joqari ka'sipti tan'lawg'a tayarlaw.

Bunin’ ushin: Oqiwshilarda minez -qulqi ha’m iskerliginin’ siyasiy a’hmiyetine tiyisli ishki ruwxiy o’lshemin turlendiriw.

Miynettin’ ha’r qiyli turlerine hurmet penen qarawdi ta’rbiyalaw: ka’sip ta’repten o’z-o’zin anlawda jeke pozitsiyani iskerlew yag’niy oqiwshini durisli ka’sip tanlawg’a tayarlaw maqsetinde onin’ shaxs etiw, ta’rbiyalawshi, rawajlandiriwin a’melge asiriw za’rur.

Ka’sipke bag’darlaw kompleks ko’p qismli mashqala bolip, ol siyasiy, ekonomikaliq, psixologik, pedagogik ta’biyiy-fiziologik ta’replerin o’z ishine aladi. Bul ta’replerdin’ belgisi bir waqitta o’z-ara baylanisli halda a’mel qiliw kerek, ka’sipke bag’darlawdin’ siyasiy ta’repleri oqiwshinin’ bilimler, normalar, qa’diriyatlarinin’ toliq dizimi ja’miyetinin’ ag’zasi sipatinda siyasiy ka’sibin a’melge asiriw imkaniyatin beredi.

Sonin’ ushin oqiwshilardi ka’sipke bag’darlaw a’weli ja’miyettin’ siyasiy buyirtpasi, sonday-aq ma’mleket ushin bolajaq kadrlar tayarlawdi aldinan aytip beriw oqiwshilarda jeke ha’m siyasiy qa’diriyatlardi rawajlandiriw birligin birgelikte sheshiw kerek. Siyasiy ta’repten ko’birek qisimin jaslar quraydi. Ekonomikaliq ta’repi jaslardan ibarat bolg’an miynet resurslarinan o’nimli ha’m duris paydalaniw duris bo’listiriwden ibarat.

Psixologiyaliq - pedagogikaliq ta’repi oqiwlard`in’ qizig’iwlari qa’biletin aniqlaw ha’m qa’liplestiriw onin’ potentsial imkaniyatlarina sa’ykes keletug’in ka’sipti tan’lawg’a ja’rdem beredi. Mektep oqiwshilarinin’ ka’sipti tan’lawda o’zin na’tiyjeli basqariw jollarin ha’m sha’rtlerin belgileydi.

Meditsinaliq-fiziologiyaliq ta’repi insannin’ salamatlig’i ha’m ol yaki bul ka’sipti atqariw ushin za’rur bolg’an ayriqsha fiziologiyaliq waziypalardi, psixo-fiziologik sipatlarina qarap talaplar qoyadi.

Bilimlendiriw barisinda ka’sipke bag’darlaw oqiwshilardi miynettin’ ha’r qiyli turleri, ka’siplerdin’ o’zine say qasiyetleri, olardin’ rawajlaniw printspleri, ma’mleketimiz ekonomikaliq kadrlarg’a talabi kushli ekenligi menen tanistiriw bolip esaplanadi.

Bul da’wirde oqiwshilar o’zlerinshe ka’sipler a’lemine jol tabiw imkaniyatin beretug’in bilimlerdi iyeleydi ha’m tan’lang’an obi`ektlerge duris baha beriw tiykarinda qarar qabil qiladi.

Ka’siplik bilim beriwde kemshilikke jol qoymaw ushin oqiwshilar mengeriwi za’rur bolg’an miynet haqqindag’i bilimlerdi bir sistemag’a saliw kerek. Ka’siplik bilim beriwde oqiwshilardin’ jas o’zgesheliklerin esapqa aliw lazim.

Oqiwshilardin’ sotsialliq paydali, o’nimli miynetinin’ ha’r qiyli tu’rlerinde o’zinin’ kushin a’meliy sinap ko’riwin aktivlestiriw ka’sipke bag’darlawdin’ a’hmiyetli waziypasi, sebebi miynet insandi q’a’liplestiriwdin’ tiykarg’i ha’m sheshiwshi deregi.

Oqiwshilarda ka’sipke bolg’an qizig’iwshiliqti qa’liplestiriw bul ta’rbiyaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ birinshi za’rur, lekin jeterli bolmag’an bo’legi, oqiwshi tan’lag’an ka’sibi boyinsha teoriyaliq ha’m a’meliy tayarliqqa iye boliwi, og’an mektepte da’slepki imkaniyatlarin sinap ko’riwge sharayat jaratip beriw kerek.

Mektep ta’jriybesi oqiwshilar miynettin’ sho’lkemlestiriwdin’ ko’p g’ana ta’replerin aship beredi. Bular mektep ustaxanalari miynet ha’m dem aliw lagerleri, islep shig’ariw kombenatlari, jazba jumislar ha’m basqalar. Jumisti duris sho’lkemlestirip, olardin’ a’hmiyetin ha’m mazmunin duris belgilegende bulardin’ ba’ri oqiwshilardin’ ka’siplik jaqtan o’zin an’lawg’a tu’rtki boladi.

## Ka’sipke baylanisli ma’sla’h’a’t.

Ka’sipke baylanisli ma’sla’h’a’tta en’ a’h’miyetlisi ka’sip tan’lawdin’ ken’ ideyalogiyaliq h’a’m sotsialliq sebeplerin qa’liplestiriw bolip esaplanadi. Bul oqiwshilag’a sotsialliq minnetti joqari da’rejede an’lawg’a, miynet su’ygishlik, o’zinin’ ma’pin xaliqtin’ ma’pinen u’stin qoymasliqqa u’yretedi. Ka’sipke baylanisli ma’sla’ha’t barisinda oqiwshinin’ belgili bir ka’sipti tan’law qararinin’ aniqlig’ina iseniw a’hmiyetli. Bul tan’law tosinnan oylanilmag’anda boliwida mu’mkin. Bunday tan’law keyinirek ka’siplik bilim aliwdin’ aniq jolin na’tiyjesiz belgilew h’a’m ka’sipten qanaatlanbasliq kewilsiz jag’daylarg’a alip keliwi mu’mkin. Sonin’ ushin ka’sipke baylanisli ma’sla’hattin’ waziypasi oqiwshinin’ o’zine say psixofiziologiyaliq h’a’m jeke qasiyetleri ol yaki bul ka’siptin’ o’zine say talaplarina tuwri keliwin belgilewden ibarat. Ol belgili ka’siptin’ en’ a’hmiyetli obi`ektiv h’a’m subi`ektiv sha’rt - sharayatlarin en’ ko’p da’rejede esapqa alg’an halda tan’lawdi ta’minleydi. Ka’sipke baylanisli ma’sla’ha’t a’dette o’zine ta’n qa’siyetlerge iye bolip, oqiwshilarda ka’sip tan’law waqtinda ju’z beretug’in qiyinshiliqlardan kelip shig’adi. Ta’biyiy hal, jeke ta’rtiptegi ma’sla’ha’t h’a’r bir oqiwshig’ada kerek, kerek emes jag’ida bar. Lekin bunday ma’sla’h’a’t za’ru’r bolg’an oqiwshi menen jeke shug’illaniw kerek. Ka’sipke baylanisli ma’sla’h’a’tqa oqiwshilardin’ 50% mu’ta’j boladi. bunda misali:

1. Ol yaki bul sebep penen erkin tu’rde ka’sip tan’lay almag’an oqiwshilar,
2. Ata-analar menen qarama-qarsiliq ju’zege kelgen oqiwshilar,
3. O’zleri tan’lag’an ka’sip jolinin’ tuwrilig’in tastiyqlawdi qa’leytug’in oqiwshilar.

Psixologiyaliq – pedagogikaliq ma’sla’h’a’t oqiwshini`n’ xarakterin h’a’r ta’repleme rawajlandiriw negizinde og’an say keletug’in ka’sipti tan’lawda ja’rdem beredi. Bunday ma’sla’h’a’t beriw ushin oqiwshini oqiw h’a’m klasstan tis islerde guzetiw, ka’siplerdi, oqiw orinlarin jaqsi biliw tiykar boladi.

## Ka’sipke beyimlesiw.

Sotsialliq psixologiyaliq ta’jriybeler ka’sipke beyimlesiw, sotsialliq psixologiyaliq beyimlesiw menen birlikte payda bolatug’inin tastiyiqlamaqta. Ka’sipke beyimlesiw sotsialliq h’a’m jeke sebepler sa’ykes kelgende ashiq islep shig’ariw h’a’reketine beyimliktin’ saqlanip qaliwi h’a’m ja’nede rawajaniwi siyaqli beligiler menen o’zgeshelenedi, ol ka’sipke qizig’iwg’a, miynet mazmunina, shan’araqtin’ h’a’m a’tiraptag’i islep shig’ariwdin’ ta’sirine baylanisli boladi. Ka’sipke beyimlesiw o’zinin’ ta’biyatina ko’re qarama-qarsi jag’day bolip, islep shig’ariw alg’a qoyatug’in biliw waziypalari, bir-birewi menen so’ylesiw ma’deniyati h’a’m jeke ta’jriybe, texnik bilimler ko’nlikpeler payda etiw, jas o’spirim islep shig’ariwg’a ne menen kelgen bolsa sol na’rseler ortasindag’i qarama-qarsiliqlar onin’ h’a’reketleniwshi ku’shi boladi. Islep shig’ariwdag’i ka’sipke beyimlesiwge, turaqli ka’sip tan’lawg’a tayarliq mektepten baslanadi, lekin bunin’ menen shegaralanip qalmaydi, sebebi bul waziypa mektep penen islep shig’ariwdin’ birliktegi ku’sh g’ayrati menen sheshiliwi kerek. Ka’sip tan’lawdin’ barliq basqishlari mudami baylanista h’a’m o’z-ara ja’mlesken boladi. Ma’selen, ma’sla’ha’t beriwdin’ tu’rli jollarina o’tiwde ka’siplik sheberlik ku’sheyedi, ka’sipke beyimlesiw, ka’siplik bilimlendiriw menen de, ka’sipke baylanisli ma’sla’ha’t beriwde de o’z-ara baylanisli boladi. Sonin’ menen birge ol toliq ka’sipke bag’darlaw isinde kompleks is alip bariw ushin tiykar bolip xizmet etedi. Ka’sipke bag’darlaw isi-pu’tin ta’lim-ta’rbiyanin’ ajiralmas bo’legi bolip, ol sabaqlarda bolg’aninday, klastan h’a’m mektepten tisqari jumislarda h’a’m basqa

da tu’rli usillar menen a’melge asiriladi. Bul iske basshiliq etiw, qadag’alaw, sa’ykeslendiriw, mektep direktori basshiliq etetug’in «Ka’sipke bag’darlaw ken’esi» ta’repinen iske asiriladi. Ken’es ag’zalig’ina oqiw ta’rbiya isi boyinsha direktor orinbasari, ruwxiyliq h’a’m ag’artiwshiliq isleri boyinsha direktor orinbasari, klass basshilar, qa’wenderlik sho’lkeminen, ata-analar komitetine kiredi. Kenestin’ h’a’r bir ag’zasi ka’sipke bag’darlaw boyinsha aniq tarawg’a juwap beredi. Oqiw ta’rbiya isleri boyinsha direktor orinbasari oqiw barisindag’i ka’sipke bag’darlaw islerine, ruwxiyliq h’a’m ag’artiwshiliq isleri boyinsha direktor orinbasarlari klasstan, h’a’m mektepten tis waqittag’i ka’sipke bag’darlaw islerine juwap beredi.

Klass basshilari pu’tin klass h’a’m ayirim oqiwshilar menen ka’sipke bag’darlaw jumislarin ju’rgizedi. Mektep h’a’m qa’wenderlik ka’rxanasi oqiwshilardin’ jumisqa ornalasiw ushin juwapker, olar uliwma mekteptin’ ka’sipke bag’darlaw isin qadag’alaydi. Mektep h’a’m ka’rxana «KAMALOT» jaslar sho’lkemi mekteptegi islep shig’ariwdag’i KAMALOT jaslar ha’reketinin’ ka’sipke bag’darlaw boyinsha is-ha’reketin birge a’melge asiradi. Mektep kitapxanashisi oqiwshilardin’ kitapqa bolg’an qizig’iwshilig’in jolg’a qoyadi. Do’gerekler qizig’iw boyinsha do’gerek basshilar oqiwshilarda biliw h’a’m ka’sipke bolg’an qizig’iwlardi rawajlandiriwg’a u’lken itibar beredi. Ata-analar sho’lkemi wa’killeri oqiwshilardin’ ata-analari menen ka’sipke bag’darlaw boyinsha jumis alip baradi. Mektep doktori salamatlig’inda nuqsani bar oqiwshilarg’a ma’sla’ha’tlar beredi, h’a’r bir juwapker bolg’an kisi h’a’r ayda ken’es ma’jlisinde orinlang’an jumislar boyinsha esap beriwi kerek. Bul ma’jlislerde ka’sipke bag’darlaw isinde jan’a maqset h’a’m waziypalar belgilenedi. Sonday etip, «Ka’sipke bag’darlaw» ken’esi pu’tkil mekteptegi ka’sip tan’law isinin’ sho’lkemlestirwshisi bolip esaplanadi.

Mektep oqiwshilarin ka’sipke bag’darlawdi basqariw sistemasinda jobalastiriw birinshi da’rejeli a’h’miyetke iye. Ol beligili jastag’i oqiwshilar toparin ka’sipke bag’darlaw ta’sirinin’ izshilligi h’a’m izbe-izligin, baylanislig’in ta’miyinleydi. Bul ta’sirdin’ anda-sanda boliwin tosinanlig’in, mektep, shan’araq h’a’m ja’miyetshiliktin’ oqiwshilarda ta’sir ko’rsetiwi bir tu’rde boliwin ta’minleydi. Ka’sipke bag’darlaw isin rejelestiriw tiykarinda milliy g’a’rezsizlik ideyalogiyasi menen baylanisli miynet h’a’m miynetke ta’rbiyalaw jolg’a qoyilg’an boliwi kerek. Rejelestiriw ka’sipke bag’darlawdan ibarat bir pu’tin du’zilisti o’z-ara basqishlara’g’a bo’liw, oqiwshilar h’a’reketinin’ h’a’r bir jas ushin maqsetke muwapiq bolg’an tu’rlerin na’zerde tutiw imkaniyatin beredi.

## Mektep oqiwshilarin ka’sipke bag’darlawda ata-analar menen alip barilatug’in jumislar

Oqiwshilardi ka’sipke bag’darlawdan ata-analarda ma’npaatlar. Sonin’ ushin oqiwshilardin’ ata-anasi menen baylanis za’ru’r. Ata-analarg’a oqiwshilardi ka’sipke bag’darlawda ma’sla’h’a’t beriw kerek boladi ata-analarda mektepke ja’rdem beriwleri, o’zlerinin’ ka’sipleri h’aqqinda aytip beriwleri, lektsiya, ushirasiwar sho’lkemlestirip barsa, bunday kesheler u’lken ja’rdem beredi.

Mekteptin’ ata-analar menen alip baratug’in isleri, oqiwshilardi ka’sipke bag’darlaw sistemasindag’i a’h’miyetli buwini ta’jriybenin’ ko’rsetiwinshe ata-analar o’z perzentlerinin’ belgili o’mirlik h’a’m ka’sip jobalarin belgilew ushin aktiv qatnasadi. Sonin’ menen birge ka’sip tan’law h’a’m oqiwdi dawam ettiriw jollarin oqiwshilardin’ o’zleri ushinda olardin’ ata-analari ushinda qiyin waziypa ekenligi belgili. Ata-analardin’ ma’sla’h’a’tleri ko’binshe h’aliq xojalig’inin’ tu’rli tarawlarinin’ kadrlarg’a bolg’an real za’ru’rliklerine tuwri kelmeydi. Olar

perzentlerinin' qizig'iwlarin h'a'm qa'biyletlerinin' h'a'r waqittada da bile bermeydi h'a'm ob`ektiv bah'alamaydi. Ata-analardin' tilekleri h'a'm balalardin' ka'sipke qizig'iwshilig'in ba'rh'a'da sa'ykes kele bermeydi. Bulardin' ba'ri balalardi miynette h'a'm ka'sip tan'lawg'a tayarlaw shan'araqqa ja'rdem ko'rsetiwge qaratilg'an ata-analar menen arnawli islewdi sho'lkemlestiriw za'ru'rligin talap etedi.

Oqiwshilardi ka'sipke bag'darlaw isine ata-analardi tayarlawdi oqitiwshi, uliwma mektep h'a'm klasslardin' ata-analar sho'lkemi a'melge asiradi. Barliq mektepler h'a'm klasslarda du'zilgen ata-analar sho'lkemi, oqiwshilar birgelikte islep shig'ariwshi ortasindag'i baylanis shinjiri bolip maydang'a shig'adi. Olar oqiwshilardin' miynet ta'rbiyasi h'a'm olardi ka'sipke bag'darlawda birgeliktegi is h'a'reketin' baylanistiradi.

Ata-analar sho'lkemi to'mendegi bag'darlar boyinsha ka'sipke bag'darlaw boyinsha ka'sipke bag'darlaw islerin a'melge asiradi: tu'rli ka'siplerdin' wa'killeri menen ushirasiwlardi a'melge asiradi, ka'rxanalarda ka'sipke baylanisli ekskurtsiyalar o'tkeriwdi sho'lkemlestiredi, ata-analardi qatnastiradi; pa'n kabinetlerin bezewge mektepke ja'rdem beredi.

Ka'sipke bag'darlaw ma'seleleri boyinsha pedagogik bilimlerdi h'a'reketke saliw, mekteptin' oqiwshilari menen birge ka'sipke bag'darlawg'a baylanisli islerge ata-analardi aktiv qatnastiriw usi bag'darda alip barilatug'in isinin' tiykarg'i bag'dari.

Ata-analar ortasinda pedagogika bilimlerdi en jaydiriw, ka'sipke bag'darlaw ma'seleleri ken' propagadanlawdi ko'zde tutadi. Bul jerde, bir ta'repten balanin' rawajlaniwi, onin' jas o'zgeshilikleri, onin' qizig'iwlari h'a'm beyimliginin' qa'liplesiwi, miynetke muh'abbatti ta'rbiyalaw boyinsha shan'araqtin' isi h'aqqindag'i lektsiya h'a'm sa'wbetler, basqa ta'repten, h'a'zirgi waqitta h'a'm keleshekte xaliq xojalig'inda kadrlarg'a bolg'an talaptin' rawajlaniwi h'aqqindag'i ekonomikaliq bilimlerdi en jaydiriw, ata-analardi ma'mleketimiz ayriqsha talap sezinetug'in ka'sipler menen tanistirip bariwdi na'zerde tutadi.

-Ka'sipke bag'darlaw ma'seleleri boyinsha ata-analardin' pedagogikaliq bilimin a'melge asiriw, ata-analar ken'esinin' jumislarin jedellestiriw, olardi ta'rbiyaliq protsessge ken'irek qatnastiriw imkaniyatin beredi.

Ka'sip tan'law ma'seleleri barisinda pedagogikaliq bilimlerdi ken' en jaydiriw ata-analardi ka'sip tan'law jolinda perzentlerine ja'rdem ko'rsetiwge tayarlawdin' tiykarg'i jollarinan biri. Ata-analar o'tkerip atirg'an ushirasiwlardin' teoriyaliq h'a'm metodikaliq bilim da'rejesin asiriw ushin olar menen qosimsha jumis alip bariladi. Seminarlar h'a'm metodikaliq ma'sla'h'a'tler o'tkeriledi, olardi mektep basshilari alip baradi. Ata-analardin' ka'sipke bag'darlaw u'stinde qatnasiwinin' na'tiyjeli tu'rin izlewde Kamalot jaslar ja`miyetlik h'a'reketi» menen birlikte alip bariladi.

Ka'sipke bag'darlaw ma'selelerin tabisli sheshiw ushin pedagogikaliq bilim ata-analardin' ka'siplik bilimnen tisqari shan'araq penen jeke ta'rtipte is alip bariwi ushinda za'ru'r. Balag'a ta'sir ko'rsetiwdin' tu'rleri, usillari h'a'm qurallarin belgilewde ata-analarg'a aniq ja'rdem ko'rsetiw bul tarawdag'i tiykarg'i waziypa bolip esaplanadi.

Ata-analar menen jeke ta'rtipte is alip bariw tu'ri belgili qiyinshiliqlar tuwdirsada, ken' en jayg'an usil bolip esapdlanadi. Oni o'tkeriw ushin oqitiwshi aldinnan tayarliq ko'riw kerek. Da'slep ata-analar menen sa'wbette aniqlanip aliniwi lazim bolg'an ma'selelerdi belgilep aliw lazim. Sa'wbet waqtinda oqiwshilar h'a'm ata-analardin' niyetleri aniqlanip, shan'araq u'yreniledi.

Shan'araq u'yrenilmey turip shan'araqta ka'sipke bag'darlaw isin o'tkerip bolmaydi.

Ata-analar menen birgelikte jeke ta'rtiptegi jumislar to'mendegi bag'dar boyinsha o'tkeriliwi lazim. Ka'sipke bag'darlaw tuwarli pedagogik - psixologik bilimler menen tanistiriw; Ka'sipler du'n`yasi h'a'm olardi iyelew jollari, olardin' perzentleri tan'lap atirg'an perzentler menen tanisiw ma'sla'h'a't isin o'tkeriw bir neshe basqishtan ibarat bolip, olarda ata-analar menen jeke ta'rtiptegi is topar tu'rinde o'tkerilip qosip alip bariliwi kerek.

1. Psixologiya h'a'm pedagogikanin' oqiwshilardin' jas o'zgeshelikleri menen tanisiw imkaniyatin beretug'in tiykarg'i qag'iydalari.

2. Xaliq xojalig'inin' talaplari oqiw o'ndirislik kombinatinda u'yreniletug'in ka'sipler h'aqindag'i mag'liwmat. Ata-analar menen jeke ta'rtipte is alip bariw olardin' perzentlerinin' ka'siplik ta'repten o'zin biliwinde, ata-analardi jedellestiriwdin' en' na'tiyjeli tu'ri h'a'm oqiwshilardi ka'sipke iykemlestiriwdin' qurali bolip espalanadi.

Balalalardi ka'siplik jaqtan o'zin-o'zi an'lawina shan'araqtin' ta'siri - quramali qubilis bolip, onin' ju'rgiziliwinde ata-analar menen balalar ortasindag'i tu'rli o'z-ara mu'nasibetler orin aladi. Shan'araqti u'yreniw oqitiwshinin' u'lken sheberlik ko'rsetiwin talap etedi. Ha'r bir shan'araq o'zinin' ishki mu'nasibetlerine h'a'rekettegi ma'deniyat h'a'm za'ru'rlikler da'rejesine, qizig'iwlar h'a'm u'rp-a'detlerdin' tu'rli bag'darlarina o'zine say ka'siplik ortaliqqa iye. Shan'araqti u'yreniw oqitiwshig'a shan'araq h'a'm onin' ayirim ag'zalarina jeke ta'rtipte teren'lestirigen ko'z-qarasti a'melge asiriw, istin' aniq tu'rlerin belgilep aliwg'a imkaniyat beredi.

Oqitiwshi ka'sipke bag'darlaw isi barisinda shan'araq penen jumis alip barg'aninda, birinshide, ka'sip tan'lawg'a shan'araqtin' ta'sirinin' uliwmaliq printsplerin biliwge, ekinshiden, sapali ka'sip tan'lawdi belgilewshi tiykarg'i psixologik-pedagogik sharayatlardi biliwge tiykarlanadi. Bularg'a balanin' qizig'iwlari h'a'm qa'biletin u'yreniw, olardin' shan'araqtag'i rawajlaniw sharayatlari, miynet etiw talaplarin ta'rbiyalaw, ka'siplerdin' ren'-baren'ligi h'aqqindag'i tu'sinikler sheberligin ken'eytiw kiredi h'a'm tag'i basqalar. Tiykarg'i pedagogik waziypa adam qaysi tarawda o'zinin' imkaniyatlarin en' ko'p da'rejede a'melge asira aliwin, qay jerde ja'miyetke ko'p payda keltire aliwi mu'mkin ekenligin h'a'm o'zinin' ka'sibinen qanaatlaniwshiliq payda ete aliwin aniqlawdan ibarat. Pedagoglar h'a'm ata-analardin' buni duris tu'siniwi, sapali tu'rde ka'sip tan'lawdin' tiykarg'i sha'rtlerinen biri.

**Ka'sipke bag'darlaw jumislarin sho`lkemlestiriw jollari h'a'm usillari.**

Biz aniq maqset penen ka`sipke bag`darlaw jumislarin alip bariwda mekteptin` jaylasiw ortalig`i, oqiwshilardin` jas o`zgesheligi, miynetke tayarlig`i, bilim ha`m ta`jiriybesi na`zerde tutiladi. Oqiwshilar klasstan klassqa o`tken sayin olarg`a ka`sipke bag`darlaw boyinsha beriletug`in mag`liwmatlardin` ko`lemi ken`eytirilip ha`m quramalasip bariladi.V- klassta oqiwshilarg`a kasipler haqqinda uliwma mag`liwmatlar beriledi, ma`selen kasiplerdin` atlari aytiladi, ha`r bir kasip boyinsha qa`niygelerdin` ne jumis qiliwi, islew waqtinda qaysi a`sbaplar ha`m u`skenelerden paydalaniwi, onin` miyneti ja`miyetimizge qanday payda keltiriletug`ini tu`sindiriledi.VI-VII klasslarda oqiwshilarg`a ka`sipler tuwrali beriletug`in mag`liyamatlar ken`eytiriledi.Mine usi klaslarda ha`zirgi zaman islep shig`ariw karxanalarinin` a`hmiyeti,olardin` rawajlaniw tariyxi,usi kasipler boyinsha miynettin` mazmuni

tuwrali, miynet predmetleri ha`m qurallari,islep shigarilatug`in o`nimler haqqinda gu`rrin` etip beriw mu`mkin.VIII-IX klasslardin` oqiwshilarina bolsa jokaridag`i magliwmatlardan tisqari,to`mendegi mag`liwmatlarda beriledi: miynet sharayatlari,tu`rli kasip iyeleri o`zlestiriwi lazim bolg`an arnawli,uliwma miynet ha`m uliwma texnikaliq bilimler,ka`siplerdin` gigienaliq xarakteristikasi, kasiplerdin` adamlarg`a qoyatug`in talaplari,miynetke haqi to`lew sistemasi,jen`illikler,usi kasipler boyinsha kadrlar tayarlaw ha`m olardin` qa`niygeligin asiriw sistemasi.

O`spirimlerdin` ka`siplerge qizig`iwi tez-tez o`zgerip turadi.Bul jag`day ayirim waqitlari sirtqi ortaliq ta`sirinde payda boladi.Ma`selen olar kasiplerdin` mazmuninin` quramalasiwi keleshekti natuwri tu`siniwleri, o`z imkaniyatlarina jeterli da`rejede obektiv bahalawlari ha`m bunda o`zlerinin` psixofiziologiyaliq qa`siyetlerin esapqa almawi ha`m o`z ku`shlerine artiqsha iseniwi sebepli de usinday hallar payda boliwi mu`mkin.Oqiwshilardin` bir bo`legi o`zlerinin` keleshektegi kasiblerine uliwma qiziqpaydi.Anik bir ka`sipke qizig`iw,miynettin` mazmunin biliwge umtiliw-ka`sip tanlawdin` en` na`tiyjeli ilajlarinan biri bolip tabiladi.

Oqiwshilardi isshi kasiplerge qiziqtiriw ushin miynet ta`limi olarda texnikani,ha`zirgi jumisshilardin` jumisi,ogin` miyneti na`tiyjelerin bilip aliwina umtiliw oyatatug`inday etip sho`lkemlestiriw kerek.Usig`an qaray oqiwshilar oqiw ustaxanalarindag`i sabaqlarda a`meliy jumislardi orinlap atirganinda materiallarg`a islew beriwdin` jan`a texnologiyalarinan ha`m jan`a texnikadan misallar keltiriw,materiallarg`a islew beriwdi mexanizatsiyalastiriw ha`m avtomatlastiriwdin` abzallig`in aytip o`tiw,biraq qol miynetinin` a`hmiyetinde kemsitpew,sanaat karxanalarindag`i ekskursiya protsessinde hozirgi zaman texnikalarin tu`sindiriw yamasa bul jumisti oqiw yamasa ilimiy texnikaliq filmlerdi ko`rsetiw menen a`melge asiriw mu`mkin.

Sonday-aq sabaqlarda ta`limnin` bir qiyli metodlarin qollay bermew kerek.Uliwma ta`lim sabaqlari menen miynet sabaqlarinin` ishki baylanisi oqiwshilardi kasipke bag`darlaya ushin qolay jag`day jaratadi.Bul bolsa oqiwshilarg`a pa`nnin` a`meliyat ushin a`hmiyetin tu`sindiriw imkanin beredi.Mine usi imkaniyat tek qanday da bir temani o`tiwde oqiwshilardin` bilimlerin bekkemlew ushin emes,ba`lkim olardi jumisshi ka`sibi menen aniq baylanistiriw ushin da za`ru`r.

Oqiwshilardi sanali ka’sip tan’lawg’a tayarlaw uliwma bilim beriw mektebinin’ a’h’miyetli waziypasi bolip esaplanadi.Bul tayarliq eki sebepli: Birinshisi ja’miyettin’ kadrlarg’a bolg’an intasin, jaslardin’ jeke qa’bilietin’ esapqa alip turip a’melge asiradi. Ekinshisi jeke adamnin’ ka’siplik ta’repten o’zin - o’zi an’lawi menen barabar baylanisli.

Oqiwshilardi ka’sip tan’lawg’a tayarlaw: olardin’ itibarin reklama etilip atirg’an ka’siplerge bag’darlawdi, miynetin ilimiy tiykarlari tek za’ru’r bilim h’a’m ko’nlikpeler iyelegenine emes, sonin’ menen birge jeke adamnin’ qa’biletin rawajlandiriwdi ta’miynlewshi xizmetine qatnastiriwdi o’zinin’ ishine aladi.

Ka’sipke bag’darlaw isinin’ da’slepki basqishinda reklama isine oqiwshilardin’ o’zlerin aktiv qatnastiriw za’ru’r.

Bul shubxasiz, olardin’ islep shig’ariw h’a’m ondag’i ka’sipler menen tanisiwlari ushin jag’day jaratadi. Mektepte ka’siplerdi reklama etiw qurallari sipatinda ka’sip tan’lawg’a bag’ishlag’an lektsiyalar, sa’wbetler, konferentsiyalar, ba’sekelesiwler, mektep radiosi arqali arnawli esittiriwler,

sho'lkemlestiriw. Diywal gazetalar shig'ariw, arnawli stendler, ka'sipke bag'darlaw mu'yeshlerin bezetiwde paydalaniladi. Mektep jaslari ushin ka'sip-o'ner kolledjlerinin' oqiwshilari menen h'a'm ka'rxanalardin' jumisshilari menen ten' qatarda tikkeley baylanista boliw ju'da' paydali, uliwma qizig'iwshiliq, pikirleslik, o'z-ara mu'na'sa'betler ko'binshe mektep pitkeriwshisi keyinrek jumis baslaytug'in kollektivin tan'lawg'a ja'rdem beredi. Ka'siplik bilimlendiriwde ko'rkem a'debiyat u'lken ornin tutadi.

Oqiwshilardin' oqiwi h'a'm talqilawi ushin a'debiy shig'armalardi tan'law ka'sipke bag'darlaw isinin' a'h'miyetli bo'legi bolip esaplanadi. Oqiwshilarda ka'sipke bolg'an qizig'iwlardi qa'liplestiriw basqishi olardi miynetke qosiw menen de baylanisli bolip tabiladi.

Mektep oqiwshilari ka'sip tan'lawdin' sotsialliq a'h'miyetke iye sebeplerin qa'liplestiriw ushin sabaqtan tisqari ta'rbiyaliq islerde u'lken imkaniyatlarg'a iye. Bul iste mektep direktori, direktordin' klasstan h'a'm mektepten tisqari isleri boyinsha orinbasari, klass basshilari, pa'n oqitiwshilari, ata-analar, miynet ka'rxanalari menen bekkem birlikte a'melge asirilatug'in isler bolip esaplanadi.

Oqiwshilardi ka'sipke bag'darlaw isleri boyinsha sabaqtan tisqari ta'rbiyaliq isler mazmuni: ka'sip tan'lawdin' sotsialliq a'h'miyetke iye sebeplerin qa'liplestiriw, oqiwshilardi tu'rli ka'sipler h'a'm qa'niygelikler menen tanistiriwdi, ka'sipke bolg'an qizig'iwshiliqlarin rawajlandiriwdi, oqiwshilardin' o'zine say beyimlesiwleri h'a'm imkaniyatlarin aniqlawdi o'zinin' ishine aladi. Solardan kelip shig'ip, joqari klass oqiwshilarinda ka'sip tan'lawdin' sotsialliq a'h'miyetke iye usillarin -formalarin ko'rip shig'amiz. Sabaqtan tisqari islerde ta'rbiyaliq ta'sir ko'rsetiwdin' tu'rli ko'rinisleri h'a'm formalari menen ajiralip turadi. Ka'sipler h'aqqindag'i minnet tu'rleri h'aqqindag'i xabarlardi u'sh tu'rli usilda aliw mu'mkin awiz eki, ko'rgizbeli h'a'm a'meliyatta aliw mu'mkin.

Ka'sipke bag'darlawdin' awiz eki formasi h'a'm usillari topardi ka'sipler h'aqqindag'i gurrin'ler, lektsiyalar, kitaplar oqiw h'a'm dodalaw, kitap su'yerler konferentsiyalari usi temag'a baylanisli shig'arma jumislarin jazdiriw, tu'rli ka'sip iyeleri menen ushirasiwlar, tematikaliq kesheler, oyinlar, jarislar, konkurslar sho'lkemlestiriw mu'mkin.

Qaladag'i sanaat ka'rxanalarina ekskursiyalar, ka'sipler h'aqqinda h'a'r qiyli mag'liwmat beretug'in filimler foto ko'rgizbeler su'wretler, kestelerdi ko'rsetiw, mektep h'a'm sanaat ka'rxanalarinda sho'lkemlestirilgen mu'yeshlerde h'a'm kabinetlerde, miynetke, bank ko'rgizbeli reklama qurallarinan ken' tu'rde paydalaniw ka'sipke bag'darlawdin' ko'rgizbeli formalari h'a'm usillarin quraydi.

Uliwma bilim beriw mektebin h'a'm ka'sipke bag'darlaw mektebin bir bag'darda birge islesiwin alip bariw ushin bazaliq karxanalardin' a'h'miyeti u'lken. Mektep h'a'm bazaliq karxanalardin' birge islesiwi oqiwshilarda miynetke mu'nasabetti ta'rbiyalawda jetekshi orin tutadi. Oqiwshilardi ol yaki bul ka'sipke qiziqtiriw, olar bul h'aqqinda tek mag'liwmat alip g'ana qalmay sonin' menen birge tiyisli bag'darda o'zinin' ku'shlerin a'melde qollag'anda islep shig'ariwda tabisqa eriskende, o'zinin' tabislari menen quwang'anda ko'zge tu'sedi.

Karxanalarda mektep oqiwshilari menen ka'sipke bag'darlaw islerin aldin ala du'zilgen reje tiykarinda alip bariladi, h'a'r bir klassqa belgili bir tsex yaki bo'lim bekitiledi. Ka'sipke bag'darlaw islerin sho'lkemlestiriw h'a'm o'tkeriwde karxananin' wa'killeri qatnasadi. Karxanalardin' jaslari ka'sipke bag'darlaw ma'selelerine bag'ishlang'an ta'rbiyaliq saatlarda qatnasadi, klass basshilari menen

birgelikte anketalar islep shig'adi h'a'm oqiwshilardin' qizig'iwlarin h'a'm a'rmanlarin u'yrenedi.

Oqiwshilar islep shig'ariw brigadalari, karxanalardag'i oqiwshilar tsexlari ka'sipke bag'darlaw maqsetinde oqiwshilardi o'nimli miynetke qatnastriwdin' ayriqsha formasi bolip esaplanadi. *a'r bir brigada o'z aldina zvenolarg'a bo'linedi.

Brigada h'a'm zvenolar islep shig'ariw uchastkalarin quraydi, aldin'g'i jumisshilari olardin' ustazlari bolip esaplanadi.

Oqiwshilardi islep shig'ariw brigadasi ag'zasina erkin jumis islewdi isenip tapsirilsa, ol o'zinin' miynetinin' na'tiyjesin ko'redi, bul na'tiyjeler og'an u'lken quwanish bag'ishlaydi, o'zinin' ku'shine u'lken isenim artadi. Islep shig'ariw brigadasinda barliq ja'ma'a't ushin juwapkershilik, o'zinin' brigadasi menen maqtaniw sezimi qa'liplesedi.

Joqari klass oqiwshilarinda ka'sip tan'lawdin' sotsialliq a'h'miyetke iye sebeplerin qa'liplestiriwge ko'meklesetug'in sabaqtan tisqari ta'rbiyaliq islerdin' ayirim formalari h'a'm usillarina toqtalip o'temiz.

En' ken' tarqalg'an usil sa'wbetlesiw bolip tabiladi. Ka'sip h'aqqindag'i sa'wbetke bir qansha talaplar qoyiladi. Sa'wbet ushin sawallardi tan'law, sol ka'siptin' wa'kilinin' oqiwshilar menen tikkeley so'ylesiwi menen belgilenedi. Sa'wbet o'zinin' isin jaqsi biletug'in, ol h'aqqinda qiziqli etip aytip beretug'in qa'nige ta'repinen o'tkeriliwi kerek. Sa'wbette aniq misallar tiykarinda ka'siptin' qa'siyetleri, onin' ushin say qiyinshiliqlari, tvorchestvoliq o'siw imkaniyatlari aship beriliwi kerek. Sa'wb```ette ka'siptin' mazmuni, miynet qurallari, buyimlari menen tikkeley tanisiwlari, olardin' isin qadag'alawi mu'mkin bolg'an waqittag'idan qisqaraq ko'rsetiledi.

Sa'wbet tek quri so'zlerden ibarat bolmaslig'i ushin h'a'r bir qag'iydani misallar, ko'rgizbeli faktler menen bekkemlew kerek. Sa'wbette ka'siplerdi reklama etiw oqiwshilardin' toliq imkaniyatina say keliwi kerek. Maqsetli bag'darg'a muwapiq sa'wbetler tanistiriwshi h'a'm bag'darlawshi boliwi mu'mkin. Tanistiriwshi sa'wbetler o'z aldina toliq h'a'm aniq tanistiriladi. Oqiwshilardin' talaplari menen a'lbette salistiradi, ka'sip tan'lawdag'i tipik qa'teler ko'rsetiledi. Bag'darlawshi sa'wbetler oqiwshilardin' onsha ko'p bolmag'an topari h'a'm h'a'r bir oqiwshi menen jeke ta'rtipte o'tkeriledi.

Kirisiw sa'wbetleri u'lken a'h'miyetke iye. Olar oqiwshi ka'sip tan'law waqtinda a'mel etiwi kerek bolg'an tiykarg'i printsipial qag'iydalar menen tanistiriladi. Sa'wbet oqiwshig'a ka'sip h'aqqinda qanshelli ta'sirli etip aytip bermesin, ba'ribir ta'sir ko'rsetiwi jag'inan ka'sip wakillerinen keyin turadi. Oqiwshilar belgili ka'sip iyeleri menen baylanista bolip, olar menen tikkeley jumis orinlarinda, miynet ja'ma'a'tinde ushirasip, o'zlerinin' bolajak ka'siplerin qiyalinda emes, al aniq insanda ko'rip, ka'siptin' abzal ta'replerin jaqinnan ko'redi. Bunday ushirasiwlar waqtinda payda bolg'an ko'plegen sorawlardi aniqlaw ushin u'lken imkaniyat jaratiladi. Bul ta'rbiyaliq formadan paydalanip, oqiwshilardi ko'p g'ana jumisshi ka'sibi qa'niygeleri menen ushirastiriw mu'mkin. Ushirasiwlardi en' da'slep kimler menen sho'lkemlestiriw mu'mkin. Egerde bular oqiwshilardin' ata-analari tu'rli ka'sip iyeleri Miynet qah'ramanlari, ratsionalizatorlar, oylap tabiwshilar, jaslar ustazlari bolsa ju'da' jaqsi boladi. Ushirasiw ko'birek na'tiyje beriwi ushin so'zge shig'iwshig'a aldinan ka'sipke xarakteristikani shamalap berip, oqiwshilardi ko'birek qiziqtiratug'in qa'nigeliklerdi h'a'r ta'repleme aship beretug'in sawallardi usinis etiw mu'mkin. Oqiwshilardin' ka'sipler h'aqqindag'i

referatlari olardin’ biliw qa’biletin aktivlestiredi, sana sezimin h’a’m erkinligin rawajlandiriwg’a ko’meklesedi.

Referat tayarlaw oqiwshidan uzaq dawam etetug’in isti, tiyisli ka’sip iyeleri menen ushirasiwlardi, za’ru’r keshelerge qatnasiwdi talap etedi. Referat a’dette to’mendegi ma’selelerdi, ka’siptin’ xaliq xojalig’i ushin a’h’miyetin, qa’niygeliktin’ mazmunin, qa’nigelikti iyelew mu’mkin bolg’an ka’siplik oqiw orinlarinin’ esabin du’zedi. Referatlar arnawli du’zilgen komissiyalar ta’repinen bah’alanadi. En’ jaqsi referatlar oqiwshilar qasindag’i konferentsiyalarda, klass, mektep miymanlari aldinda, ata - analari aldinda, sanaat karxanalari wa’killeri aldinda qorg’aliwi kerek. Referat u’stinde islew oqiwshilarg’a sotsialliq qimbatli sebeplerin qa’liplestiriwge, olardi ja’nede rawajlandiriwg’a ja’rdemlesedi.

Mektep oqiwshilarinin’ ka’sip tan’lawg’a qaratilg’an ka’siplik bilimin aktivlestiriwge qaratilg’an ol ka’sip h’aqqinda kim ko’birek biledi degen konkurslar, viktorinalar o’tkeriw mu’mkin. Olardi o’tkeriw oqiwshilardin’ xaliq xojalig’i tarawinda sanali ta’rizde ka’sip tan’lawg’a tayarlawdag’i jetekshi, h’a’weskerlikti rawajlandiriwg’a ko’meklesedi. Konkurslar, viktorinalar h’a’r qiyli ka’sip h’a’m qa’nigeliklerge arnalg’an boliwi mu’mkin. Misali, konkurs qatnasiwshilarina to’mendegishe sorawlar beriw mu’mkin. Tan’lag’an ka’sibinizdin’ qaysi ta’repleri sizge belgili, siz olardin’ h’a’r biri h’aqqinda nelerdi bilesiz? Bul qa’nigeliklerdin’ miyneti a’debiyatta, kinoda, su’wrette qanday ko’rsetilgen?, Ilim h’a’m texnikanin’ siz tan’lag’an ka’sip tarawindag’i en’ jan’a tabislarinan aytip berin’. Konkurslar h’a’m viktorinalar ka’siplik bilim beriwdin’ aktiv formalarinin’ qatarina kiredi. Olarda qatnasiw mektep oqiwshilarinan tu’rli ka’sipler h’aqqindag’i o’z bilimlerin ba’rh’a’ma toliqtirip bariwlarin talap etedi. Mektep oqiwshilari tu’rli. Ka’sip iyeleri menen ko’birek baylanista boliwg’a, karxanalarda tez-tez boliwg’a, miynet xizmetinin’ h’a’r qiyli tu’rleri h’aqqindag’i ilimiy a’debiyatlardi itibar menen oqiwg’a umtiladi. Konkurslar asig’is tu’rde, qisqa mu’ddette o’tkerilmesligi kerek. Konkurs ja’riyalag’annan keyin mektep oqiwshisina tiyisli ka’sip h’aqqinda h’a’r qiyli qimbatli mag’liwmatlar toplaw imkaniyatin beriw, ayirim mag’liwmatlardi foto vitrinalar, kestelerde ko’rsetiw ma’sla’h’a’t etiledi. Mektep oqiwshilarinin’ ka’siplerge muna’sebetin o’mirdin’ ma’nisin moralliq tu’siniklerin aniqlaw, olarda miynet adamlarina teren’ h’u’rmetti, ruwxiyliq printsipleri h’a’m minez – quliq normalarin ta’rbiyalaw maqsetinde ka’sipke bag’darlaw isinde talant h’aqqinda, o’mirdin’ mazmuni h’aqqinda sa’wbetlesiwler o’tkeriw formasinan paydalaniw kerek. Sa’wbetlesiwlerdin’ qatnasiwshilarinan bir qansha ka’sipler, jamiyetimizdin’ ekonomikaliq h’a’m ma’deniy rawajlaniwi h’aqqinda tiykarli, ken’irek bilimge iye boliwdi talap etedi. Sa’wbetlesiwde oqiwshi tan’lag’an ka’sibinin’ qolayliqlarin, o’z qabiletinin’ usi ka’sipke sa’ykesligin isenimli etip ko’rsetip beriwi, taliqlanip atirg’an turmis ma’seleleri tuwrali pikirlerdin’ tuwrilig’in da’lillewi kerek. Pikirlesiw ta’rbiyanin’ tawiraq quramali formasi. Pikirlesiwge tayarliq h’a’m oni o’tkeriw metodikasi basqarip bariwshidan da, onin qatnasiwshilarinan da mashqala menen aldinnan jaqsilap tanisip aliwlari, tiyisli a’debiyatlardi oqiwi, taliqlawg’a qoyilip atirg’an ma’selelerdi h’a’r ta’repleme puqta oylawdi talap etedi.

Bul ma’selelerdin’ h’a’r biri oqiwshinin’ tu’siniwi ushin aniq boliwi, olarda qizig’iw oyatiwi, pikirlesiw elementine iye boliwi kerek. Pikirlesiw temasi tu’sinikli boliwi ushin, ol o’z ta’repinen bir neshe imkaniyatlardi ja’mlestirgen boliwi kerek. Temanin’ tiykarg’i mazmuni misali, ka’siplerdi an’sat h’a’m

qiying'a, azada h'a'm qolaylig'a bo'lip bolmaydi, bular ushin jaramaydi, sebebi ma'sele sheshilgen h'a'm temanin' o'zinen juwmaq shig'ariladi.

Bul sorawg'a juwap beriw ushin tek belgili da'rejedegi bilim kerek h'a'm o'zinin' ko'z qarasinan su'wretlewge za'ru'rlik joq. Mektep oqiwshisi o'mirge, miynetke h'a'm ka'sip tan'lawg'a tayarlaw munasebeti menen to'mendegi temalarda ba'sekelesiw na'zerge usiniliwi mu'mkin. Erten'gi ku'n adami qanday boliwi kerek?, zamanlaslarin'nan kimde sen keleshek adamin ko'rip tursan?

Pikirlesiwdi o'tkeriw basshidan u'lken pedagogikaliq a'depti, bildirilip atirg'an pikirge h'u'rmetti, qatnasiwshilardin' pikirlerinin' mazmuninin' a'h'miyetin aship beriwdi h'a'm pikirlesiwdin' barisin, ko'z qaraslardin' qarama-qarsiliqlarin payda etetug'in jag'daydan shig'ip ketiw jollarin tabiwdi talap etedi. Pikirlesiwler h'a'm ko'z qaraslar jeke pikirlerdi erkin bildiriwdi na'zerde tutadi.Qatnasiwshilardin' bir - birine isenimi basshilarinin' isti toliq bir maqsetke g'aratilg'anlig'inan. Pikirlesiw oni alip bariwshinin' qisqasha jaqsi so'zi menen baslanadi. Onda temag'a baylanisli ma'seleler tuwrali ayirim pikirler keltiriledi, ayirim pikirlerdin' belgili da'rejede a'dil ekenligi ko'rsetiledi, bul pikirler izbe-iz rawajlandirilg'anda bir - birine say kelmey qaliwi mu'mkin. Pikirlesiwdi alip bariwshi kiris so'zine bah'a bermeydi. Jaristin' barliq qatnasiwshilarina kim h'aq , kim nah'aq degen pikirlerge o'zlerinin' munasebetin bildiriw usinis etiledi. Juwmaqlawshi so'zde qatnasiwshilardin' ko'pshiligine maqul bolg'an juwmaqlar h'a'm qarsiliq oyatpaytug'in pikirler aytip o'tiledi, oylap ko'riw kerek bolg'an h'a'm kollektiv pikirin qa'liplestiriwge erise almag'an sorawlar ortag'a qoyiladi. Jaris bir ta'repten, juwmaq shig'ariw h'a'm bolip esaplanadi. Sebebi jamiyetshiliktin' pikirin ta'riplewge ja'rdemlesiw h'a'm bekkemlewge ko'meklesedi, basqa ta'repten bolsa kemshiliklerdi aniqlaydi, ka'sip taqlawdag'i sotsialliq a'h'miyetke iye sebeplerin, mektep oqiwshisinin' aktiv, puqaraliq abiroyin ta'rbiyalaw barisindag'i a'melge asirilg'an islerdi qayta ko'rip shig'iwg'a ma'jbur tanistiriw barisinda ko'rkemlik inam etetug'in oyinlar kiritiledi. Konferentsiyalar, ataliq sho'lkemlerinin' wa'killeri menen ushirasiwlardin' o'zine say ka'siplerdi qorg'aw sipatinda o'tkeriw ku'nnen – ku'nge en jayip baratir. Kishi jastag'i o'spirimler menen islesiwdin' aktiv formalarin izlew jaristin tiykarg'i maqseti bolip esaplanadi. Bular menen «o'zin'di sinap ko'r» oyinin sho'lkemlestiriw mu'mkin. Oyin to'rt basqishta o'tkerilip, jarisip atirg'an klasslardin' komandalari tapsirmalar aladi h'a'm oni orinlaw barisinda belgili ka'sip penen tanisadi. Ka'sip tan'lawdin' da'stu'riy tu'rleri ataliq karxanasindag'i ka'sipler h'aqqinda shig'armalar jaziw, karxana miynetke dank muzeyine ekskurtsiyalar o'tkeriw oying'a kiritilgende, oqiwshilarda u'lken qizig'iw oyanadi. o'zindi sinap ko'r oyini puqta oylang'an, birinshiden jas o'spirimlerdi aktivlestiriwge, olarda oyinda asirilg'an sezimdi qollap –quwatlawg'a h'a'm ekinshiden, en' a'h'miyetlisi, jas o'spirimlerde ka'siplerge tvorchestvoliq munasebetti qa'liplestiriwge qaratilg'an pedagogik qa'siyetlerdi o'z ishine aladi.

Barliq ka'sipke bag'darlaw ta'jiriybelerinin' temasi ju'da' h'a'r -qiyli boliwi mu'mkin, lekin ol h'a'r dayim oqiwshilardin' qizig'iwlarina, olardin' uliwma tayarliq da'rejesine sa'ykes boliwi kerek. Sa'ykes oqiwshilardi ka'sip tan'lawg'a tayarlag'anda, bul tan'lawdin' jaqsi ta'replerin qa'liplestiriwge oqiwshilardin' iskerligi h'a'm g'a'rezsizligin ko'p da'rejede rawajlandiratug'in, olardi aktivlikke shaqiratug'in, qiziqtiratug'in ka'sipler menen tanistriwg'a, belgili ka'sip iyesine paydali bolg'an jeke sipatlarin ta'rbiyalawg'a qaratilg'an, miynettin' belgili tu'rine beyim h'a'm qa'biletin aktiv rawajlandiriwg'a ja'rdemlesetug'in ka'sip tan'lawg'a bag'darlawdin' formalarinan paydalaniw u'lken a'h''miyetke iye.

Ka’sip tan’lawdin’ sotsialliq a’h’miyetke beyim sebeplerinen biri mektep oqshisinin’ joqari insaniyliq maqsetler h’a’m talaplarg’a sotsialliq bag’darlawdi ku’sheytedi. Joqari klass oqiwshilarinin’ ka’sip tan’lawdag’i pozitsiyasinin’ bekkemligi miynetke baylanisli jol - jobalardi sonday da’rejege jetkizgen sistemanin’ turaqsizlig’inan ibarat bolip, bunda ekanomikaliq islep shig’ariw tarawinin’ h’a’r - qiyli ka’siplerge jaqsi h’a’m jaman munasebette boliwi tosinnan bolg’an jag’day emes, ba’lki shin kewilden tan’lawdi belgilep beredi.

**Ka’sipke bag’darlawda oqiwshilardin’ jas o’zgesheliklerin esapqa aliw**

Oqiwshilardi ka’sip tan’lawg’a tayarlaw isin sho’lkemlestiriw balanin’ rawajlaniwinin’ h’a’r-bir basqishindag’i jas o’zgesheligin esapqa alatug’in h’a’m onin’ u’zliksizligin ta’minleytug’in sistemada a’melge asiriladi.

Ka’sipke bag’darlaw barisinda oqiwshinin’ ka’sipke bolg’an qizig’iwshilig’in an’law kishkene jastan baslanadi h’a’m bir-neshe basqishti basinan o’tkeredi. Mektep oqiwshilarinin’ ka’sipke bolg’an qizig’iwshilig’in qa’liplestiriwdi sozip jiberiwge h’a’m pitkeriw imtixanlari waqtina deyin keshiktirip qaldiriwg’a jol qoyip bolmaydi. Bala xarakterinde jarqin ko’rinistegi beligli bir ka’sipke qizig’iwshiliqtin’ joqlig’i a’dette tu’sinbewshilikke alip kelip, jaqsi qa’liplespegen minez-quliq penen shug’inlasip ketedi.

Ka’sipke erte bag’darlaw balanin’ tolip tasip turg’an ku’sh g’ayratin paydali islerge sarplawdi uyretiw menen birge, miynettin’ sotsialliq sebeplerin, basqalarg’a payda keltiriw imkaniyatlarin qa’lbine sindiriwden ibarat. IV-VI klasslarda oqiwshilardin’ ayriqsha itibari ka’sip tan’lawdin’ moralliq, idealiq tiykarlarin qa’liplestiriwge qaratilg’an. Kish kene o’spirimlerde minez-qulqi aktiv rawajlang’an bolip, onda turmisliq, ka’siplik ideallar payda boladi, o’zin jeke insan sipatinda ko’riwge imkaniyat payda boladi. Bul jastag’i oqiwshilarg’a u’lkenlerdin’ miyneti h’aqqindag’i ko’rinisler shegarasin ken’eytiriwde, is h’a’rekettin’ tu’rli tarawarda qizig’iwin qa’liplestiriwge ja’rdem beredi. Sonin’ ushin ka’siplik bilim beriwshiler h’a’m ata-analardin’ aktiv ja’rdeminde do’gereginde islep shig’ariwshi ka’rxanalarg’a ekskurtsiyalar, belgili bir ka’sip iyeleri menen ushirasiwlar o’tkeriwi, xalqimizg’a maqul bolg’an belgili tariyxiy orinlarg’a ekskurtsiyalar o’tkeriw jollari menen a’melge asiriladi. Bug’an ka’sip tan’law haqqindag’i topar sa’wbetlesiwleri, ma’selen; «Kim bolsam eken», «Menin’ su’ygen ka’sibim» temalarinda o’tkeriw mu’mkin. Oqig’an kitaplari, xalqimizdin’ qah’armanliq miynet jolina bag’ishlang’an fil`mler, sah’na ko’rinislerin dodalaw arqasinda ka’sipke bolg’an qizig’iwshilig’in arttiriwg’a, belgili bir ka’sipti tan’lawg’a iytermeleymiz. Sonin’ menen birge oqiwshilardin’ miynet h’a’m ka’sip du’n`yasi haqqindag’i bilimlerin, mag’liwmatlarin ken’eytemiz, teren’letemiz. Miynettin’ aniq tu’rlerin a’sirese jaqin a’tirapta ushiratiwi mu’mkin bolg’an miynet tu’rlerine qizig’iw biline baslaydi. Oqitiwshinin’ waziypasi oqiwshilar alip barilatug’in islerge u’zliksiz h’a’m maqsetke muwapiq alip bariw, usi maqsette oqitiwshi o’spirimlerdin’ ka’siplik bilim beriw rejesin du’zedi, aktiv oqiwshilar menen birgelikte ekskurtsiyalar sho’lkemlestiredi. Usilardin’ na’tiyjelerinde toplang’an materiallar tiykarinda ko’rgizbeler sho’lkemlestiredi, sa’wbetlesiwler kestesin du’zedi, ka’sip tan’lawg’a arnalg’an jiynalis tematikasin du’zedi. Ka’sipke bag’darlaw mektepte oqiw ta’rbiya isleri menen birge alip bariladi. Sapali tu’rde ka’sip tan’law o’spirimler jeterli da’rejedegi uliwma politexnik tayarliqqa iye bolg’an jag’dayda g’ana iske asiwi mu’mkin. Oqiwshini ol yaki bul ka’sipke

maqsetli bag'darlawdan burin da'slep oni u'yreniwi lazim. Bunin' ushin oni qadag'alaw oqiwishinin' mekteptegi, ja'ma'a't jaylarindag'i shan'araqta, miynettegi a'meliy ko'nlikpelerdi analiz etiw, sorawnama o'tkeriw, sa'wbetlesiw, test, interv`yu aliw mu'mkin. Ka'sipke bag'darlawda tu'rli ka'sipler, olarg'a qoyilatug'in talaplar bul ka'sipti qay jerde iyelewi mu'mkin ekenligi haqqindag'i mag'liwmatlardi oqiwshilarg'a jetkerip bariw  u'lken a'hmiyetke iye. Bul bolsa oqiwshilardi qanday da bir ka'sipti sapali mu'nasebette boliwg'a tayarlaydi. Oqiwshilar ka'sipler haqqindag'i mag'liwmatlardi, bilimlerdi tek g'ana mektepte emes, ba'lki g'alaba xabar qurallardan h'a'm tuwg'an – tuwisqanlarinan bilip aladi.

Jaslar o'z a`ldilarina haqiyqiy ken' turmis joli ashiliw ushin ko'p ku'sh g'ayrat sarplawi kerek h'a'm en' tiykarg'isi o'zinin' kewillerine jaqqan, ja'miyetke za'ru'r h'a'm paydali isti tan'lawi kerek. Sonin' ushinda orta mektepti pitkerip atirg'an jigit, qizlar qanday ka'sip iyesi boliwi h'aqqinda ko'p oylaydi. Ma'mleketimizde tu'rli ka'siplerdi iyelew ushin sha'rayat jaratila'g'an. !sirese jumisshi ka'sibin men'geriwdin' ju'da' ken' imkaniyalari bar. Sonliqtan Respublikamizda  jumisshi kadrlardi tayarlawg'a itibar bermekte. Mektep, ka'sip - o'ner kolledji, akademik litsey h'a'm joqari oqiw orinlarinda jaslarg'a tu'rli ka'sipler u'yretilmekte.

1.Meh'nat va kasb ta'rbiyasi. Pedagogika.T.2000.80-b.

Respublikamiz xaliq xojalig'inin' ju'zden artiq tarawlarindag'i ka'rxanalar joqari ta'jriybeli jumisshi kadrlardin' jaylastiriw mu'mkinshiligine iye. Jen'il sanaatti tez rawajlandiriw, toqimashiliq sanaati ushin mol, ko'l shiyki zat bazasin du'ziw, qurilislardin' tez ko'leminde ko'beyiwi sharwashiliq jolg'a qoyiliwi bulardin' ba'ri joqari maman kadrlardi talap etedi.

Oqiwshilar tan'lag'an ka'sibine baylanisli bilim h'a'm ko'nlikpelerin iyelew maqsetinde oqiw ustaxanalarinda, do'gereklerde, qizig'iwlar boyinsha h'a'r qiyli mektepten tis do'gereklerde, arnawli miynet lagerlerinde toliqtirip bardi. VII-IX klasslarda oqiwshilardin' o'zin-o'zi ta'rbiyalawina olarda ka'sip tan'lawdin' sotsialliq a'h'miyetke iye sebeplerin, olardin' jeke imkaniyatlari h'aqqinda o'zlerine bah'a beriwdi qa'liplestiriw,oqiwshi tan'lag'an ka'sibi ushin ka'sip-o'ner kolledjleri menen akademik litseyler, joqari oqiw orninda oqiwdi dawam ettiriw h'a'm ka'sip iyelew jollarin tan'law ushin za'ru'r bolg'an ka'sipke baylanisli a'h'miyetli sipatlardi rawajlandiriwg'a ayriqsha itibar beriledi. Bilim beriw barisinda olar sanaat, awil xojalig'inin' en' a'h'miyetli tarawlari menen tanisadi.

VII-IX klass oqiwshilarin ka'sipke bag'darlawda olar ka'sip o'ner kolledjeleri bilim beriw mu'mkin bolg'an ka'siplerdi reklama etiwge ayriqsha itibar beriw kerek. o'z waqtinda oqiwshilardi oqiw islep shig'ariw orinlarinda, ol tan'lag'an keleshektegi ka'sibine u'yrenip atirg'an miynet a'meliyati sa'ykes keliwge itibar qaratiladi. Joqari klass oqiwshilarinin' olar tan'lag'an qa'niygelik boyinsha u'nemli miynette, ja'miyetlik paydali miynette qatnasi ta'wiraq ken'eyedi.

Joqari klass oqiwshilarin aniq ekonomikaliq ka'rxanalardag'i jetekshi jumisshi qa'niygelerinin' ta'jriybeleri menen tanisadi., g'amxorshi ka'rxanalar, oqiw tsexlarinda oqiwshilar tan'lag'an miynet tarawinda za'ru'r bolatug'in aniq ta'jriybe h'a'm ko'nlikpeler payda etedi.

Oqiwshilardi ka'sipke bag'darlaw uliwma bilim beriwdin' tiykarg'i mazmuni bir bo'legi bolip espalanadi.

Eger ka'sip duris tan'lag'an bolsa, insan ushin miynet quwanish, tvorchestvoliq ilh'a'm deregine aylanadi, bul insan ushin da, ja'miyet ushin da paydali. Oqiwshilardi ka'sipke bag'darlaw sotsialliq-pedagogikaliq ma'sele bolip

esaplanadi. Bul iste birinshi na’wbette oqiwshilardin’ qa’biletleri h’a’m miynet ja’miyet paydasina say ta’rizde esapqa aliniwi kerek. Insannin’ sotsialliq h’alati da’slep onin’ sotsialliq islep shig’ariw sistemasindag’i orni menen belgilenedi h’a’m bul jag’daydin’ tiykarg’i belgisi miynettin’ o’zine say belgileri menen belgilenedi.

Ka’sip tan’law juwapkerli is. o’zinin’ o’mir jolin bir qa’lipte belgilep aliw an’sat is emes. Bunin’ ushin uzaq waqit arnawli tayarliq ko’riw talap etiledi.

Oqiwshilardin’ ka’sip o’nerge iqilasin u’yreniw ushin olardin’ aqil h’a’m fizikaliq uqibin biliw, bilim h’a’m ko’nlikpelerin u’yreniw lazim.

Miynet ta’rbiyasi oqiwshilardi pa’ndi oqitiw barisinda olardi islep shig’ariwdin’ en’ a’h’miyetli tarmaqlari menen tanistiriw xaliq xojalig’i h’a’m sanatta bar ka’sipler menen tanistiriwg’ada imkaniyat beredi. Misali: Ximiya sabag’inda oqiwshilardi ximiya sanaatindag’i en’ jaqsi islep shig’ariwlar menen tanistiriw mu’mkin.

Mekteptegi miynetke bag’darlawda do’gereklerdin’ roli u’lken. a’sirese pa’n do’gerekleri, elektro texnika, radio texnika, avtomobil`, traktor, pilleshilik, sharwashiliq,o’simliklerdi u’yreniw do’gereklerinde balalar politexnikaliq ta’jriybesin, bilimin ken’eyttiredi, ka’sip tanlawg’a tayarlanadi. Oqiwshilarg’a ta’sir ko’rsetiw ka’sipke bag’darlaw islerin tabisli o’tkeriw ushin mektep pedagogikaliq ja’ma’a’tinin’ orni u’lken.

Ka’sipke bag’darlaw islerin mektep pedagogikaliq ken’es, miynet pa’ni oqitiwshilari aldina to’mendegi waziypaldardi qoyadi:

1. Ka’sipke bag’darlaw islerinde tu’rli ka’sip iyeleri miynet alding’ilari menen ushirasiwlar o’tkeriw mu’mkin.
2. Mektepte ka’sipke baylanisli oqiw metodikaliq kabinet sho’lkemlestiriw mu’mkin.
3. Ata-analar menen bekkem baylanis ornatiw mu’mkin.
4. Ka’sipke bag’darlaw boyinsha ma’sla’h’a’tlar o’tkeriw. Oqiwshilar diqqattin ka’sip tanlaw ma’selelerine awdariw h’a’m olarg’a ka’sipler h’aqqinda tu’sinik beriw ushin mekteplerde usi mektepti pitkerip h’a’zirgi waqitta h’aliq xojalig’inin’ tu’rli tarawlarinda miynet etip atirg’an buring’i oqiwshilar h’aqqinda mag’liwmatlar jiynaw, suwretlerin ko’rgizbe etip sho’lkemlestiriw h’a’m basqada h’abarlardan paydalaniw mu’mkin.

## 1- saatlıq sabaq konspektası

**1. Sabaqtın` teması**. Ka`sipke bag`darlaw jumislarin sho`lkemlestiriwdin` a`hmiyetli ma`seleleri.

**2. Sabaqtın` maqseti.** Oqıwshılarg`a Oqiwshilarg`a ustaxana jumislarindag`i oqiw wazypalari, qag`iydalari, xaliq xojalig`inin` belgili tarawindag`i jetiskenliklerin bayanlaw

**3. Sabaqtı qurallandırıw**. plakat, ha`r qiyli ka`siplerdi sa`wlelendiriwshi fil`mler,slaydlar.

**4. Jumıs obekti.** Klass.

**5. Sabaqtın` barısı**.

5.1. Sabaqtı sho`lkemlestiriw.

Klassqa kirip oqıwshılar menen sa`lemlesemen, por, tryavka, oqıwshılardın` sabaqqa tayarlıg`ın tekseremen. qatnastı tekseremen, oqıwshılardın` dıqqatın sabaqqa qaratıp sabaqtı baslayman.

5.2. Taza temanı bayanlaw.

Oqiwshilardi miynetke u`yretiw protsessinde oqitiwdin` ha`r tu`rli metodlarinan paydalaniladi. Oqitiwdin` metodlarin tan`law en` da`slep, oqiw materialinin` ha`m oqiw u`aziypalarinin` xarakterine baylanisli boladi.

Oqiw materialinin` xarakterine qaray miynet boyinsha alip barilatug`in jumislar a`meliy islewge baylanisli bolg`anliqtan basqa oqiw predmetlerinen parq etedi. Bul o`z betinshe oqitiw metodlarinan paydalaniwg`a bir qansha o`zine ta`n bolg`an ayirmashiliqlardi keltirip shig`aradi.

Usinday metodlardan gu`rrin` tu`sindiriw ha`m soraw – juwap metodlari qollaniladi.

Usi ati atalg`an metodlardan paydalanilar eken a`meliy jumislarda materialdi bayanlawg`a oqiw waqtinin` 20 % bo`legi ajiratiladi.

Gu`rrin` (so`ylep beriw) tiykarinan ken` qollaniladi.

Mis: Oqiwshilarg`a ustaxana jumislarindag`i oqiw wazypalari, qag`iydalari, xaliq xojalig`inin` belgili tarawindag`i jetiskenliklerin bayanlawg`a gu`rrin`nen paydalaniladi.

A`dette ka`sipke bag`darlawdi oqitiw jag`daylarinda oqiw demonstratsiyalawi menen iske asatug`in tu`sindiriw tez-tez qollaniladi. Instrumentler mashinalar konstruktsiyalaw ha`m texnologiyani islep shig`ariw qag`iydalarin tu`sindiriwge tuwra keledi.

Gu`rrin` ha`m tu`sindiriwge bir qatar talaplar qoyiladi.

6. Mazmunnin` durislilig`i oqiwshilarg`a aytilatug`in faktler oqiw programmasinin` mazmunina sa`ykes keliwi ha`m de iilimiy tiykarlang`an boliwi kerek.

7. Materialldin` o`zin an`lag`an izbe-izlikte bayanlaw. Texnika ob`ektler yaki texnologiyaliq protsessler haqqinda mag`liwmatlardi tu`sindiriwde materialldi analetik jetkeriwge ha`reket etiw, bunda oqiwshilardi ob`ekt yamasa jumis protsessi menen tanistiriw, son` oni bo`limlerge bo`lip u`yreniw kerek.

8. Aniqliliq ha`m iqshamliliq – miynet oqiwinin` mazmuni a`dette oqiwshilar tanisatug`in teoriyaliq qag`iydalardi ha`m miynet usillarin orinlaw qag`iydalarin qisqa aniq isenimli tiykarlaw imkaniyatin beriw.

9. Okitiwshinin` so`z ma`deniyati, onin` oqiwshilar tu`sine alatug`in boliwi Oqitiwshinin` material boyinsha ha`r bir so`ylegen so`zi o`qiwshilarg`a a`piwayi tu`snikte boliwi ha`m de so`ylew protsessinde izbe-izlikten paydalaniw kerek.

Ka`sipke bag`darlaw sabaqlarinda oqitiwdin` soraw-juwap metodinan ken` paydalaniladi. Oqitiwshi oqiwshilardin` bilimlerine su`yenip jan`a materialdi o`tiwde u`yrengenlerin bekkemlew ha`m tekseriwde ha`m u`yrengen materialdi juwmaqlastiriwda oqitiwshi soraw-juwaptan ken` paydalaniw mu`mkin.

Mis: Adam turmisinda qag`az ha`m gezleme, listli metall ha`m sim siyaqli temalarg`a sa`ykes jan`a materialdi u`yreniwde ha`m oqiw materiallarin juwmaqlastiriwda soraw – juwap o`tkeriw mu`mkin. Oqitiwshi soraw juwapqa tayarlanadi, ol oqiwshilarg`a tu`snikli jumistin` xarakterin aship beretug`in sorawlar tayarlawda ha`m de ol sorawlardi maqsetke muwapiq duris jaylastirida. Berilgen sorawlar aniq iqshamli boliwi –oqiwshilar temag`a sa`ykes juwap beriwleri kerek.

Oqitiwshi olardin` juwaplarindag`i qa`telerdi du`zetedi kemis jerlerin toltiradi ha`m olardi juwmaqlastiradi.

Praktikaliq jumislar waqtinda bir zatti sog`iw ushin tek sol materialdin` fizikaliq qa`siyetin biliw jetkiliksiz, bunda islenetug`in materialdin` du`zlisi haqqinda konkret tusniklerge iye boliwi kerek.

Solay etip praktikaliq jumisti baslaw ushin a`piwayi ko`lemdegi uliwma bilim ha`m texnikaliq bilimlerge iye boliwi za`ru`r. Biraqta bul sha`rttin` o`zide jeterli dep aytiwg`a bolmaydi. Sog`an qaray oqiwshilarg`a o`z bilimlerin paraktikaliq jumislarda qollana biliwge u`yreniwge ja`rdem beretug`in bir qansha metodikaliq usillardi qarap shig`ayiq.

Solay etip oqitiwshi problemaliq situatsiyani payda ete otirip, oqiwshilardi gipoteza du`zip usinilg`an usinis jo`ninde o`z betinshe tiykarlang`an juwmaq shig`ariwg`a iytermeleydi. Bunda oqitiwshi tu`sindiriw soraw-juwap zatlardi demonstratsiyalaw ta`jriybelerdi baqlawlardan paydalanadi. Bular oqiwshilardi ilimiy izleniwge oylawg`a eksperiment qoyiwg`a ma`jbu`rleydi. Solay etip oqiw materialin problemaliq bayanlaw oqiw protsessin ilimiy izleniwge jaqinlastiradi.

Uliwma aytqanda, oqitiwshilardin` jumis ta`jriybesi soni ko`rsetedi oqiwshilardi ka`sip tan`lawg`a bag`darlawdin` forma metodlarin belgilep beredi, olardin` tiykarg`ilari to`mendegilerden ibarat boladi.

5.3. Taza temanı bekkemlew.

A) Qanday ka`siplerdi bilesiz.

B) Qanday ka`sip sizge unaydi.

V) Kim boliwdi qa`leysiz.

5.4. A`meliy jumıs.

A) O`zin`iz su`ygen ka`sipti ta`riplep berin`

B).O`zin`iz tan`lag`an ka`sip nesi menen unaydi.

V) Qanday ka`sipti teren`irek biliwdi qa`leysiz.

G) Ka`sip tan`lawda ekilenbeysizbe.

5.5. Sabaqtı juwmaqlaw.

Oqıwshılardın` a`meliy jumısın tekserip jaqsı orinlag`anin marapatlap sorawlar berip bahalayman, bahaların esittiremen.. Jumıs orınların jıynastırdırıp, na`wbetshige tapsırtıp, xoshlasıp shıg`ıp ketemen.

## Juwmaqlaw

Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde jan`a turmis jan`a ja`miyet tirnag`in qalawda erkin puxaraliq oy-pikirin qa`liplestiriw siyaqli bilimlendiriw tarawinda da bir qansha aytarliqtay o`zgerisler bolip kelmekte. Ha`r qanday mekteptin` matreialliq texnikaliq bazasin zamanago`y a`sbap u`skeneler menen ta`miynlengen mektepte oqiwshilar a`meliy jumislar waqtinda ha`r qiyli ta`jriybeler isleydi ha`m a`sbap u`skeneler menen islew usillarin u`yrenedi. Usinday islew usillarin u`yretiw arqali oqiwshilardi ka`sipke bag`darlawg`a ken` mu`mkinshilikler jaratiladi.

Usinday tiykarda jazilg`an «Ka`sipke bag`darlaw jumislarin sho`lkemlestiriw jollarin u`yreniw» atamasinda jazilg`an bolip, bunda oqiwshilardi ka`sipler du`n`yasina a`sten-a`sten jeteklep, olardi oqitiwshi sabaqlarda gu`zetiw olar menen gu`rrin`lesiw, oqiwshi ha`reketin baqlaw waqtinda aniq belgili bir o`zgesheliklerin iykemliklerin bayqap baradi.

Ilimpazlar ta`repinen o`tkerilgen izertlewler soni ko`rsetpekte mektep oqiwshilarinin` derlik 30 % ten aslamirag`i tan`lang`an ka`sipke qizig`iwlari mektep jasinan qa`lipleskenligin ko`rsetpekte. Demek, pitkeriw qanigelik jumisinin` tiykarg`i maqseti, oqiwshilardin` qizig`iwlarin mu`mkin bolg`ansha aldiniraq aniqlawdan ha`m de ja`miyettin` talap ixtiyajlarina muwapiq halda sol okiwshilardin` qizig`iwlarin rawajlandiriw, jas o`spirimlerdi ha`r ta`repleme kamal taptiriw ushin barliq jag`daylar jaratiw haqqinda bir neshe misallar keltiriledi.

A`sirese jumista oqitiwshinin` da`slepki du`zgen ka`sipke bag`darlaw jobasina muwapiq tu`rde sabaq joba-konspektasin jaza otirip, ka`sipler boyinsha barliq mag`liwmatlardi konspekta jobasina kirgiziw haqqinda mazmunli pikirler ju`rgiziledi.

Jumistin` ka`sipke bag`darlaw basqishlarinin` mazmuni bo`liminde oqiwshilardi qurilis konstruktsiyalari menen qurilis ka`sipleri olardin` za`ru`rligi a`hmiyeti tuwrasinda olar menen baylanisli bolg`an adamlar miynetinin` mazmuni haqqinda ken` tu`rde mag`liwmatlar beriledi. Sonday-aq awil-xojaliq jumislari tuwrasinda jerge islew beriw usillari, ta`rbiyalaw mektep uchastkasinda ha`r qiyli islew beriw usillari haqkinda mag`liwmatlar beriledi. Ha`r qiyli ka`sip iyeleri menen ushirasiwlar gu`rrin`lesiwler, diafil`mler, kinofil`mler ko`riw, sayaxatqa shig`iwdin` a`hmiyetleri na`zerde tutiladi.

Ka`sipke bag`darlawdag`i diagnostikag`a og`ada a`hmiyet berip ha`r bir balanin` jeke o`zgesheliklerine misallar keltirip izertlewler ju`rgiziledi. Sonin` menen birge ka`sipke bag`darlawdin` tiykarg`i u`sh basqishina ayriqsha itibar beriledi ha`m a`piwayi etip misallar keltiriledi.

Solay etip, bul pitkeriw qanigelik jumisin jaza otirip to`mendegilerdi esapqa aliw kerek dep oylayman.

1. Barliq mektep oqiwshilari ma`mleketlik bilimlendiriw standartlarina tiykarlanip oqiwshilardi o`zlerinin` qa`biletlerine, jeke o`zgesheliklerine qarap bag`darlaw maxsetke muwapiq boladi.
2. Ka`rxanalarg`a sayaxatlar sho`lkemlestiriw arqali oqiwshilarda ka`sip sirlarina degen qizig`iwshiliq elementlerin qa`liplestiriw.
3. Oqiwshilarda ata-analar, miynet aldin`g`ilari mektep basshilari qatnasinda ken`eytirilgen ushirasiwlar o`tkeriw arqali ka`sipke bag`darlaw o`zinin` na`tiyjesin beredi.
4. Klasstan ha`m mektepten tisqari jumislar oqiwshilardi ka`sipti an`li tu`rde tan`lawg`a, olardin` do`retiwshilik qa`biletlerin rawajlandiriwg`a pa`n texnika tarawina ha`m sol siyaqli tarawlarda jumis islewge qizig`iwshilig`in qa`liplestiriwge ko`p ta`repleme ja`rdem beredi.

5. Mektep oqiwshilarinin` ka`sipler haqqindag`i mag`liwmatlarin toliqtiriw maqsetinde ha`r qiyli tarawlar boyinsha qa`niygeler tayarlawshi ka`sip-o`ner kolledjlerine barip, ol jerdegi sharayatlar, tayarlanatug`in qa`niygelikler haqqinda toliq tu`sinikler beriw.

## Paydalanilg’an  a’debiyatlar


1. I.A. Karimov « Barkomal avlod –O’zbekiston taraqqiyotining poydevori» Toshkent 1997y
2. K.Davlatov «Mehnat va kasb ta`lim, tarbiyasi hamda kasb tanlash nazariyasi va metodikasi» Toshkent, o’qituvchi 1992y
3. D.A.Txorjevskiy «Mehnat ta`limi metodikasi» Toshkent 1987y
4. P.T.Ma`zumov, A.F.Antonov, A.V. Sureev va boshqalar «O’quvchilarni mehnatga va kasb tanlashga tayyorlash» Toshkent o’qituvchi 1991y
5. Mahkamov «O’quv ustaxanalarida o’tkaziladigan Amaliy mashg`ulotlar» Toshkent o’qituvchi 1991y
6. B.X.Raximov «Talaba yoshlarni ilmiy tadqiqot ishlariga yo’naltirish asoslari» Toshkent.fan. 2007 y
7. S.Baltabaev «Kasb tanlashga yo’llash» Toshkent o’qituvchi 2005y
8. Respublika ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari «2004-2009 yillarda maktab ta`limini rivojlantirish davlat umumiy dasturi: asosiy tomoyillar va pirovord islohotlar» Nukus 2005 y
9. N.A.Muslimov, A.I.Usmanov. Mehnat va kasb ta`limi yo’nalishlari bo’yicha umumkasbiy va ta`limi yo’nalishlari bo’yicha umumkasbiy va maxsus fanlarni o’qitish muammalari. Ilmiy ishlar to’plami Toshkent 2005 y
10. M.Karimov, B.U. Olimov «Mehnat ta`limi darslarida fanlararo bog`lanishlar» Uslubiy qo’llanma Toshkent 2008 y

**Mazmuni**

1.Kirisiw……………………………………………………………………..3

2. Ka`sipke bag`darlaw jumislarinin` basqishlari……………………………7

3. Ka`sipke bag`darlaw jumislarin sho`lkemlestiriwdin`
a`hmiyetli ma`seleleri……………………………………………………12

4. Ka`sipke bag`darlaw tusinigi ha'm oni a'melge asiriwg'a
qoyilatug'in talaplar………………………………………………………..17

5. Mektep oqiwshilarin ka'sipke bag'darlawda ata-analar menen
alip barilatug'in jumislar…………………………………………………24

6. Ka'sipke bag'darlaw jumislarin sho`lkemlestiriw
jollari h'a'm usillari………………………………………………………28

7. Ka'sipke bag'darlawda oqiwshilardin' jas o'zgesheliklerin
esapqa aliw…………………………………………………………………37

8. 1saatliq sabaq konspekti …………………………………………………41

9. Juwmaqlaw……………………………………………………………….45

10. Paydalanilg'an a'debiyatlar……………………………………………47